ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛIЫПIЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№198 (21.856) ● 2010 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 16, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Экономикэрщ Iэпхъуэшапхъуэхэр зыгъэмэщIэфынур

УФ-м и Правительствэм и сайтым иралъхьащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым 2025 гъэм нэсыху социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ зэрызэужыну щыкIэр зыуфэныр стратегиер.

А ДОКУМЕНТЫМ теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен жиIащ:

- Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зэрызэужыныр стратегием икьукIэ захуэу кьыщагъэльэгъуащ ди деж щыIэ демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэныр гугъуехь нэхъ ин дыдэхэм зэращыщыр, СССР-р лъэпкъэ ищъ, пэж дыдэу, ди щыналъэм щыщ куэд, абыхэм урыс хэри яхэту, иIэпхъуэкIащ икIи ахэр я нэхъыбапIэкIэ эи Iэщагъэм фIыуэ хэзыщыкI лэжьакIуэхэт. Абы кьытхуихьа гугъуехьэр гъэзэкIуэжьынымкIэ иджыпсту хэкIыпIэу щыIэр экономикэр егъэфIэкIуэныр. Аращ лэжьапIэ �IэнатIэщIэхэм хэзыгъэхьуэнур, социальнэ инфраструктурэр езыгъэфIэкIуэнур.

Къэгъэльэгъуапхъэщ Стратегием итхь иткIэ КъБР-м къыщызэIуахьну предприятэщIэхэм ящыщу куэд урыс нэхъыбэ щыпсэу районхэм зэрыщаухэнур. Псальэм кьыдэкIуэу жысIэнщи, а проектхэм ящыщ зым Путин Владимир кьыщытхъуащ.

Мыбдеж нэхъыщхьэу щытынур демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэными Стратегием хатха Iуэхуэхэр зыхуэфащэ финансхэмкIэ кьызэгъэпэщынырщ, республикэм иIэпхъукIэмрэ абы кьэIэпхъуэхэмрэ зыхуэей-зыхуэфIэхэр тэмэму кьэльытэнырщ. Абы икьукIэ хуэсакьыу бгъэдыхьэпхъэщ, иужькIэ дызыхущIегъуэжьи щыуагъэхэмрэ ныкъусанытъэхэмрэ тIэщIэмыкIын папщIэ.

Сэ мыхьэнэщхъэ иIэу кьызэольытэ КъБР-м нэхъ щIэгъэхуэфбжьауэ промышленность псынщIэм зыщIегъэужьыпхъэу Стратегием зэрыщагубзыхуам. Апхуэдэ проектхэм трагъэкIуадэ ахъшэр нэхъ псынщIэу кьалэжьыжь икIи, тхыльымпIэхэр зэблагъэкIынымкIи пыща гугъуе хьэр къэдмыгъэхъумэ, инвесторхэм тэмэму дадэлажьэмэ, нэгъуэщI кьэралхэм щыщхэми мы Iэнатlэм тегушхуауэ ахъшэ кьыхалъхьнущ. АтIэми, мыбы пыщIау э хьэрычэт Iуэху мыиныем, ди щIыналъэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщыщIагъакIуэ Iэнатlэм, зебгъэжьэн хьунущ.

И гугъу сщIыну сыхуейт Стратегием кьыщыгъэльэгъуа нэгъуэщI зы Iуэхуми. Ар агропромышленнэ комплексымрэ туризмэмрэ екъэлIауэ Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм зэфIэкIышхуэ зэрилъэгъ хэущIыIу щыныр. Экономикэ Iуэхум кьыщымыныу, ар итэжьапIэкIэ кьэпльытэ хьунущ социально-политикэ проект. АтIэми абы кьызэрегъэпэщ зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэр экономикэмрэ щэнхабзэмрэ я Iэнатlэхэм щызэдзлажьэнщ. Апхуэдэ проектхэр гъэзэщIэным дэ мылькууи зэфIэкIыуи диIэр хэтлъхьэнущ, сыту жыпIэмэ, Кавказым и зэкъуэтыныгъэр, псом япэу, политикэ Iуэхущ, зэрыщыту Урысейм и зэкъуэтыныгъэм пыща Iуэхущ.

Дыгъуасэ Москва къалэм Урысейм и Художникхэм я союзым и кьудамэм и гъэлъэгъуащIэ унэм кьыщызIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и художникхэм я выставкэу «Налшык - Москва» зыфIащар.

АБЫ ЩАГЪЭЛЪАГЪУЭ ди республикэми абы и щIыбкIи щыцIэрыIуэхэу КIыщ Мухьэдин, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Пажь Альбинэ, Маргъущ Анатолэ, Жыдэ Анатолэ сымэ я лэжьыгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми Президент Къанокъуэ Арсен абыхэм хьэуэху телеграммэ яхуигъэхьащ. «ИкъукIэ гуфIэгъуэщ иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и художникхэм творческэ екъулIэныгъэ нэрылъагъуэхэр кьыгъэхьыр, республикэм и изобразительнэ гъуазджэм и зэфIэкIыр Урысеймэ абы и щIыбкIи щыпсэу цIыхухэм, художникхэм кьалъытэ зэрыгъэхьуар. Иджырей гъэлъэгъуэныгъэм утыку кьыщрахьэ къэралмэ дуней псоми зи цIэр щыIуа ди художник нэхъыфIхэм я Iэдакъэщ Iэкъ Iхэр. Сиф Iэщ мэхьу мы творческэ проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и художникхэм я екъулIэныгъэхэм я щыхьэт наIуэу зэрыувынур, ар Москва кьалэм, зэрыщыту Урысейм я щэнхабзэ гъащIэм и дежкIэ мыхьэнэщхъэ зиIэ Iуэхугъуэ зэрыхьунур»,- итщ абы.

Мы проектыр утыку кьрахьащ художникI-моделкер Пажь Альбинэ и фондым и жэрдэмкIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Урысейм и Художникхэм я союзым, Урысейм и Художникхэм я союзым и Москва кьалэ кьудамэм, Урысейм и Художникхэм я союзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыщ кьудамэм я дэIепыкъуныгъэкIэ.

Тхьэлъэгъуэныгъэр жэпуэгъуэм и 30-м нэсыху екIуэкIынущ.

Къанокъуэ Арсен КъБР-м и художникхэм йохъуэхъу

абыхэм я лэжьыгъэхэм я выставкэ Москва къыззрыщыззIуахамкIэ

● Дыгъуасэ

IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ еджапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ IутIыж Борис кьыззрагъэхурэ илъэс 70 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ зэтIущIэхэр жэпуэгъуэм и 15-м щыззэхэтащ абы и адэжь щIыналъэ Зэрэгъыж къуажэм.

А ЖЫЛЭМ дэт курыт еджапIэм - иджы IутIыжым и цIэр зезыхьэм - яхуеблэгъат хьэщIэ лъапIэ куэд - УФ-м и Жылагъуэ я палатэм хэт, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан**, Шэрэдж куей админис тращэм и унафэщI **Темиржанов Махьты**, республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Фырэ Руслан**, егъэджэныгъэмрэ я щIыналъэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **ЩхьэгъэпсО Сэфарбий**, КъБР-м и ТхакIуэхэмрэяI зэгухьэныгъэм и унафэщI **КхъуэлIуфэ Хьэчим**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Ажахъуэ Кьэнщобий**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Елгъэр Кашиф** сымэ, тхакIуэ щэдкащэм, адыгэлI щIыпкъэм и фэеплъым пщIэ хуэзыщI нэгъуэщI куэдми.

ЕджапIэми IутIыжхэр я унагъуэми щекIуэкIа зэIущIэ гуапэхэм ятеуха тхыгъэ ди газетым и кьыдэкIыгъуэ гъунэгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

Экономикэрщ Iэпхъуэшапхъуэхэр зыгъэмэщIэфынур

УФ-м и Правительствэм и сайтым иралъхьащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым 2025 гъэм нэсыху социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ зэрызэужыну щыкIэр зыуфэныр стратегиер.

А ДОКУМЕНТЫМ теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен жиIащ:

- Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зэрызэужыныр стратегием икьукIэ захуэу кьыщагъэльэгъуащ ди деж щыIэ демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэныр гугъуехь нэхъ ин дыдэхэм зэращыщыр, СССР-р лъэпкъэ ищъ, пэж дыдэу, ди щIыналъэм щыщ куэд, абыхэм урыс хэри яхэту, иIэпхъуэкIащ икIи ахэр я нэхъыбапIэкIэ эи Iэщагъэм фIыуэ хэзыщыкI лэжьакIуэхэт. Абы кьытхуихьа гугъуехьэр гъэзэкIуэжьынымкIэ иджыпсту хэкIыпIэу щыIэр экономикэр егъэфIэкIуэныр. Аращ лэжьапIэ �IэнатlэщIэхэм хэзыгъэхьуэнур, социальнэ инфраструктурэр езыгъэфIэкIуэнур.

Къэгъэльэгъуапхъэщ Стратегием итхь иткIэ КъБР-м кьыщызэIуахьну предприятэщIэхэм ящыщу куэд урыс нэхъыбэ щыпсэу районхэм зэрыщаухэнур. Псальэм кьыдэкIуэу жысIэнщи, а проектхэм ящыщ зым Путин Владимир кьыщытхъуащ.

Мыбдеж нэхъыщхьэу щытынур демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэными Стратегием хатха Iуэхуэхэр зыхуэфащэ финансхэмкIэ кьызэгъэпэщынырщ, республикэм иIэпхъукIэмрэ абы кьэIэпхъуэхэмрэ зыхуей-зыхуэфIэхэр тэмэму кьэльытэнырщ. Абы икьукIэ хуэсакьыу бгъэдыхьэпхъэщ, иужькIэ дызыхущIегъуэжьи щыуагъэхэмрэ ныкъусанытъэхэмрэ тIэщIэмыкIын папщIэ.

Сэ мыхьэнэщхъэ иIэу кьызэольытэ КъБР-м нэхъ щIэгъэхуэфбжьауэ промышленность псынщIэм зыщIегъэужьыпхъэу Стратегием зэрыщагубзыхуам. Апхуэдэ проектхэм трагъэкIуадэ ахъшэр нэхъ псынщIэу кьалэжьыжь икIи, тхыльымпIэхэр зэблагъэкIынымкIи пыща гугъуе хьэр къэдмыгъэхъумэ, инвесторхэм тэмэму дадэлажьэмэ, нэгъуэщI кьэралхэм щыщхэми мы Iэнатlэм тегушхуауэ ахъшэ кьыхалъхьнущ. АтIэми, мыбы пыщIау э хьэрычэт Iуэху мыиныем, ди щIыналъэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщыщIагъакIуэ Iэнатlэм, зебгъэжьэн хьунущ.

И гугъу сщIыну сыхуейт Стратегием кьыщыгъэльэгъуа нэгъуэщI зы Iуэхуми. Ар агропромышленнэ комплексымрэ туризмэмрэ екъэлIауэ Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм зэфIэкIышхуэ зэрилъэгъ хэущIыIу щыныр. Экономикэ Iуэхум кьыщымыныу, ар итэжьапIэкIэ кьэпльытэ хьунущ социально-политикэ проект. АтIэми абы кьызэрегъэпэщ зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэр экономикэмрэ щэнхабзэмрэ я Iэнатlэхэм щызэдзлажьэнщ. Апхуэдэ проектхэр гъэзэщIэным дэ мылькууи зэфIэкIыуи диIэр хэтлъхьэнущ, сыту жыпIэмэ, Кавказым и зэкъуэтыныгъэр, псом япэу, политикэ Iуэхущ, зэрыщыту Урысейм и зэкъуэтыныгъэм пыща Iуэхущ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириндж.

● Прохладнэ куей

Республикэ бюджетым и хьэкъкIэ

Прохладнэ муниципальнэ районым къуажэ гъуэгухэр щызэрагъэпэщыж.

Пролетарскэ, Виноградненэ жылагъуэхэм Ленинымрэ Мамыр щыгъэмрэ я цIыкIэ щыIэ узрамкэ я гъуэгухэр зэтес ящI, щIэрыщIэу асфальт зэрыгралъхьэнум километрищым нэблагъэ хуагъэхьэзыр. Абыхэм республикэ бюджетым щыщ субсидиеу сом мелуани 5 хухахащ.

«Гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къэзрыщыззрагъэпэщыр гъэльэщIын» республикэ программэ хэхам тету, КъБР-м Транспортымкlэ, связьымрэ гъуэгу хозяйствомкIэ и министерствэм Приматкинкэ къуажэмра Солдатскэ станицэмрэ нэгъабэ гъуэгуу километри 4-м нэблагъэ щызэрегъэпэщыжащ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириндж.

Шэрэдж районым и псэупIэ-коммунальнэ комплексыр щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылъэжьнум хуэхъэзырыщ. «Шэрэджкъабээнерго» ОАО-мрэ «Пасыл» МУП-мрэ абыкIэ паспортхэр иратыжащ.

КУЕЙМ псэуныгъэр кьыщыззэыгъэпэщ и Iэнатlэм и мыльпкуKIэ инженер сетхэр ялащ, гъэбыдапIэ хэм, трансформаторхэм, манометрхэм, электрокъарууэ, хуабэу кьагъэсэбэныр зыхуэдизыр кьыззрапщытэ Iэмэпсымэхэм я щытыкIэхэр зыхуэдэр зрагъэпIащ, ток кIапсэхэм зэран хуэхъу жыгхэр яухуэнщIащ.

Шэрэдж ДРСУ-м щIымахуэ зэманым автомобиль гъуэгухэр тэмэму зэрызэрикал гупым ар зэрыпыщIам кьыхэжьыу, журтхэм кьалъытэ псом яп я кьэралыр зыгъэкIуэдыфынур Ираныр арауэ.

● Шэрэдж куей

Паспортхэр иратыж

хьэнум зыхуигъэхьэзыращ, техникэ 12 зэригъэпэщыжащ. Зи пIалъэр икIа псы кIуэпIэу метр 6850-р яхуэжащ. Абы сом мелуани 5-м щIигъу трагъэкIуэдащ.

Кьуажэ гъуэгуэр ремонт ящI - метр зэбгъуэнатIэ 15150-м щIэрыщIэу асфальт тралъхьэнущ. Республикэ бюджетым щыщу сом мелуани 5, жылагъуэхэм еIуэ сом мин 500 а Iуэхум хухахащ.

БОЗИЙ Залинэ.

● Зэ IущIэхэр ■ Махуэгъэпс ■ Фэеплъ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

Жэпуэгъуэм и 17, тхьэмахуэ

◆ **Къулейсызыгъэр гъэкIуэдыным и дунейпсо махуэщ.**

◆ 1905 гъэм Урысейм и яп Къэрал Думэр зэхьыащ.

◆ Санкт-Петербург кьыщызэIуахынущ къалэм кьыщызэкIуахь КАД гъуэгур.

◆ Жэпуэгъуэм и 17 - 24-хэм Роттердам (Голландие) щекIуэкIынущ спорт гимнастикэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ.

Жэпуэгъуэм и 18, блыщхьэ

◆ 1991 гъэм Азербайджаныр кьэрал щыхуэзыгъэуцуэ. Махуэ зыбжанэ и пэкIэ абыхэм яубгъэжьат иджыри зы мэкъумэшыщIэ, - жеIэ Редван.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 16, щэбэт

◆ **Ерыскъыхэкlым и дунейпсо махуэщ**

◆ **Хьэрычэтыщlэхэм я махуэщ**

◆ Жэпуэгъуэм и 16 - 17-хэм Ниигатэ (Японие) щызэхэтынущ Азие-Хы Щхэу экономикэ зэдэлэжьэныгъэм (АТЭС) хэт къэралхэм мэкъумэш Iэнатlэмкlэ я министрхэм я зэIущIэ.

◆ **Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм и махуэщ**

◆ 1991 гъэм Налшык щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я зэхуэс.

Жэпуэгъуэм и 17, тхьэмахуэ

◆ **Къулейсызыгъэр гъэкIуэдыным и дунейпсо махуэщ.**

◆ 1905 гъэм Урысейм и яп Къэрал Думэр зэхьыащ.

◆ Санкт-Петербург кьыщызэIуахынущ къалэм кьыщызэкIуахь КАД гъуэгур.

◆ Жэпуэгъуэм и 17 - 24-хэм Роттердам (Голландие) щекIуэкIынущ спорт гимнастикэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ.

Жэпуэгъуэм и 18, блыщхьэ

◆ 1991 гъэм Азербайджаныр кьэрал щыхуэзыгъэуцуэ. Махуэ зыбжанэ и пэкIэ абыхэм яубгъэжьат иджыри зы мэкъумэшыщIэ, - жеIэ Редван.

◆ Къэзахъстаным зэгурыIуэныгъэм и махуэр щагъэлъапIэ.

◆ 1991 гъэм УФ-м кьыщащтащ политикэ и лъэныкъуэкIэ лей зытехьаxэр зэрымыкъуэншар кьэлъытэным теухуа законыр.

◆ Жэпуэгъуэм и 18 - 21-хэм Страсбург (Франджы) щекIуэкIынущ Европарламентым и зэIущIэ.

Пащтыхьэр лыгъэхъэзырыр ГЪУЩIО Зарифи.

● ХъыбарыфI

ФокIадэр Билал хуэмахуэщ

«Россия-2» телеканалымрэ Sportbox.ru сайтымрэ фокIадэ мазэм къриубыдэу къэралым и спортсмен нэхъыфIыр зэхагъэхIыну щыхуэзгъэхуэм яхэупщIыхьати, бэнэкIэ хуитымкIэ иджыблагъэ ещанэу дунейпсо чемпион он хьуа ди лъахэгъу Махуэ Билал текIуэныгъэр кьихьащ.

БЖЫЫХЬЭМ и яп мазэр нэгъаби хуэгъуэрлащ Махуэ Билал - абы щыгъуэми адыгэ пелуанныр кьэралым и спортсмен нэхъыфIу кьалъытауэ щытащ. «Россия-2» телеканалымрэ Sport box.ru сайтымрэ псэлъэхэм я процент 63-р мы гъэми Махуэм и телъхьэу кьыщIэкIащ. Иджы абы Iэмал иIэщ иIэсым и спортсмен нэхъыфIыр щызэхагъэкIыну зэпеуэм дыгъэгъазэм и кIэухым хэтыну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Гъэплъыгъуэм хуэхьэзыру IуощIэ

КъБР-м и Правительствэм и унафэщIым и кьудамэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Уянаев Казым дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2010 - 2011 гъэхэм я бжьыхь-щымахуэ лъэхъэнэм зэрылъэжьнум хуэгъэхьэзырынымкIэ республикэ комиссэм и зи чэзуэ зэIущIэр. Абы лъэныкъуэ псори кьалъытэу щызэщкъэрахащ мыхьэнэщхуэ зэIущIэ Iуэхуэр щIыпIэхэм зэрыщагъэзэщIар.

КъБР-м промышленностымкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и кьудэзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Кулиев Мустафир** кьызэригъэльэгъамкIэ, жэпуэгъуэм и 15-м иригъэдIэу республикэм и жкх-р бжьыхь-щымахуэ лъэхъэнэм процент 100-кIэ хуэхъэзырыр, абы теухуа актхэмрэ паспортхэмрэ дьэрыт мазэм и I-м и I-м кьыхуэу кIаташ.

Комиссэм хтхэмрэ IэнатIэ унафэщIхэмрэ жаIахэм едэIуа нэужь, Уянаев Казым кьыхигъэщащ лэжьигъэшхуэ зэрызэфIагъэкIар икIи зэхуэсахэр кьыхуриджащ дяпэкIи я кьалэнхэм ахуэаплъныгъэ IэпхъуэкIыу бгъэдыхьэну.

АРУАН Алий.

ЖармыкIэр екIуэкIынукъым

Налшык къалэ Абхъазым и утым тхьэмахуэ къэс щызэхьыхьэ жармыкIэр жэпуэгъуэм и 17 тхьэмахуэ махуэм екIуэкIынукъым.

Налшык къалэ округым и администрацэ.

● Iуащхьэмахуэ куей

Я фейдэ хэлъу

«Урысеймэкъ умэшбанк» акционер обществэм Iуащхьэмахуэ районым щиIэ кьудамэм и лэжьакIуэхэр яIущIащ куейм и хьэрычэтыщIэхэм. А зэIущIэр иригъэкIуэкIащ Iуащхьэмахуэ и район администрацэм и унафэщым и кьуэдзэ Джаппуев Руслан.

ЗИ IУЭХУЩIАПIЭ цIыкIу зиIэхэр кредит кьыщыIахкIэ, зыIуэ гугъуехьэр кьигъэ льэгъуащ а Iуэхуэр зылэжь кьудамэм и унафэщI Юсупов Сослъан. Абы гу льитащ кредит зэрат Iэмалхэм зэхуэхьКIынигъэ куэд зэрыхалъхьам, ар кьэпщтэнуи нэхъ тынш зэрыхьуам.

Кредитхэм япыща проектхэр пкыгъэкIынымкIэ кьудамэм и унафэщI Галачиевэ Светланэ зэхуэсахэм яхуиIуэтащ банкым и зэфIэкIыр зыхуэдизыр, кооперативыр зэгуэхь гупхэм гулыпитэ нэхъ зэрыкуащIыр кьыхигъэщурэ. Псальэм папщIэ, кьуажэхэм кьыщыззэбгъэпэщ хуэнущ хьэрычэтыщIэу щымыт, хозяйствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я обществэ. А организацэм и мылькур кьызэзыгъэпэщауэ я Iыхьэкlэ зэхэгуэшыкIауэ щытынущ. Кьызэзыгъэпэщхэм зэхалъхьа мыльку-кури, иужькIэ а хозяйствэ зэгуэхьэнымкIэ кьиIэжьари, гуэхыпIэ имыIэу абы хэтхэм ейщ, щхьэж и Iыхьэр зыхуэдизыр убзыхуауэ. Апхуэдэ хозяйствэ зэгуэхьэныгъэр кьыхуэзгъэпэщынущ зы щIыхуми. Кредитыр кьыззрищтэ пIалъэм кьриубыдэу зэрылъэжьну хьэрычэтыщIэ планыр иIэмэ, и щыхьэт тхьылъхэр тэмэмэ, ахъшэр банкым кьыхIихыу, и хьэрычэтым кьыщIэ Iуэху щыкIур зэхиублэ хьунущ.

Зэ Iуэщ хэтхэм кьыхагъэщащ лэжьэн щIэзыдзагъащIэхэм, зи хьэрычэтыщIэ Iуэхуэхэм зезыгъэуфбгъуэу хуейхэмэ ар сэбэп зэрахьэхьунур.

Джаппуев Руслан Iэуащ щIэм зэрыжIамкIэ, властым и щIыпIэ органхэм я фейдэ хэлъщ куейм инвестицIэ мыльку кьыIэрыхьэнымэ, абы кьыхэкIыуи, я кьалэнщ кьыщIэрыхьащIэ мащIэмрэ курытымрэ сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъэкъуэну.

ТАРИМ Алисэ.



УнагъуэщIэхэм я псэупIэхэр ирагъэфIакIуэ

АДЫГЕЙ. *Мейкъуалэ щыщ унагъуэщIэ 500-м щIигъум я псэупIэ Iуэхуэхэр ирагъэфIэкIуэну мэгугъэ. Илъэситхум тещIыхьауэ кьащта муниципальнэ программэм ипкъ иткIэ, субсидиехэр къыIахыну абыхэм лъэIу тхьылъхэр ятащ.*

АПХУЭДЭ дэIэпыкъунырэ зыгъэуатынчуэрэ зи ныбжьыр илъэс 35-м щхьэдэмыха зэщхьэгъуэхэм я унагъуэхэрщ. 2011 - 2015 гъэхэм унагъуэщIэхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным теуха программэм ипкъ иткIэ, абыхэм хуаутIыпщыну мылькур федеральнэ, республикэ, муниципальнэ бюджетхэм кьыхэкIынущ.

Сом мелуани 8-м щIигъу кьыдагъэхуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Черкесск и бюджет Iуэхущ IапIэхэм блокIа мазибгъуэм сом мелуани 8-м щIигъу кьыдагъэхуащ.*

Нэгъабэ и яп мазэ 8-м еплъыт мэ, ар процент 28,8-кIэ нэхъыбэщ.

БЮДЖЕТ мылькур зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэпыным, зыхуэунэтIам тегъэкIуэдэным щытепсэлъыхьа зэIущIэм кьалэ administрацэм и унафэщI Короткенко Петр зэрыщыжиIамкIэ, ерыскъыпхъэхэр кьэщэхуным мази 9-м сом мелуан 24,116-рэ трагъэкIуэдащ. Кьыдагъэхуа сом мелуани 8-м щIигъур кьагъэсэбэп ерыскъыпхъэхэм я фIагъымрэ куэдагъымрэ егъэфIэкIуэным хухахыжынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Жэщ ныдхэмрэ асльэнхэмрэ къазэрытеуэм - джунгли мэзыр апхуэдизкIэ хуэбжьу ираупщIыкIри, щIыналъэрэ ерыскъы щхьэкIэ щыхуэхэм «дауэгъу» кьахуэхьу хьащ. Иджы а тхьэмыщкIагъэм кьахэхьащ номинэхэр.

«Антара» лъэпкъ хьыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм полицэр ягъэкъуэншат зыкъзэзыIэтахэр гущIэгъуншэрэ щыхуГъэншэу зэрызэбгрихуамкIэ. Ауэ абы я Iэпщэ къаурыр сэбэп кьахуэхьуакъым, - Акрополыр, псом хуэмыдэжу Альдажьм кIуэ туристхэм я нэхъыбэр здекIуалIэр, махуэ ещанэ хьуауэ яхуэгъэлажьэркъым.

Алыджьм щэнхабзэмрэ туризмэмкIэ и министр Герулланос Павлос профсоюзхэм япиубыдащ Акрополым лжьэн щIидзэжьын хуейуэ икIи ахэр кьигъэгугащ улахуэмкIэ щIыкуэр щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм яритыжьну, ауэ абы «щыгъупщащ» щIыкуэр щапшыныжьну пIалъэр кьигъэльэгъуэну.

Номинэхэр псэуну хуейщ-тIэ!

Индонезием и Суматрэ хьIыгум щыпсэухэр есэжащ ныдхэмрэ къазэрытеуэм - джунгли мэзыр апхуэдизкIэ хуэбжьу ираупщIыкIри, щIыналъэрэ ерыскъы щхьэкIэ щыхуэхэм «дауэгъу» кьахуэхьу хьащ. Иджы а тхьэмыщкIагъэм кьахэхьащ номинэхэр.

«Антара» лъэпкъ хьыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм кьызэритымкIэ, номинэхэр иужь итащ зы кьуажэ щIыкIу яубыдыну, абы щыпсэу щIыхуэр зэбграхуу.

Телук-Масджид жылагъуэм щыпсэу Редван зэрыжиIэжьымкIэ, номин хьыщIхуэдизкIэ яубэрэжьати, и уIэгъэхэр ядыжьын хуей хуэщ.

- Номинэхэр щIэх-щIэхьуэрэ щIыхуэхэм кьыттоуэ. Махуэ зыбжанэ и пэкIэ абыхэм яубгъэжьат иджыри зы мэкъумэшыщIэ, - жеIэ Редван.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Узыхэдэн щымыIэмэ, щыIэр къыхэх.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм яхуэупсащ

● Тэрч куей

«ГУЩIэГЪУ» Iуэхуэхэм хиубыдэу нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэнымкIэ мазэ лэжьыгъэ щрагъэжьыгъэкIи, Тэрч районым щыщ Курп Ипщэ къуажэм и еджакIуэхэр щыхуэзэн щIыналъэм щыщ Iуэхуэхэм зэхуэсахэр щызэхуэсахэр щыхуэзгъэхуащ щыкIи щIэс псоми зэхуэхьэса ерыскъы хэпIыхьахэр, хьэпшыпI зэмылIэужьыгъуэхэр. Нэхъыжьхэм ящыщ дэтхэнэми хэхуэу тыгъэ хуащIащ, уэрэдхэм ирагъэдIуащ, къэфащ.

КIЭМПIАРЭ Галинэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал граждан къулыкъущIэхэр зыпэрыт Iэнатlэм къыщыхуагъэув хабзэхэм зэрытетымрэ лъэныкъуэхэм яку къыдэхъуэ зэныкъуэкъуэхэр зэблэгъэкIыныныкIэ комиссэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Коррупцэм пэщlэтыным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къащта Федеральнэ закон №273-ФЗ-м ипкъ иткlэ **унафэ сощI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэр зыпэрыт Iэнатlэм къыщыхуагъэув хабзэхэм зэрытетымрэ лъэныкъуэхэм яку къыдэхъуэ зэныкъуэкъуэхэр зэблэгъэкIыныныкIэ комиссэхэм ятеуху Положенэу мы Указым щIыгъур къэщтэн;

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъм пэрыувэну хущIэкъу щIыхуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэмрэ хэIущIыкIу щIыхуэхэмрэ, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэр зыпэрыт Iэнатlэм къыщыхуагъэув хабзэхэм зэрытетымрэ къэпщытэныныкIэ Положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкIа Указ №223-УП-мкIэ къыщтам, мы къыкIэлытыкIуэ зэхъуэкIыныныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пунктхэу 7-мрэ 8-мрэ мы къыкIэлытыкIуэм хуэдэу къэхъун:

«7. Мы Положенэм и пункт 1-м и «а» пункт къуэдзэм къыгъэув къэпщытэныгъэр ирагъэкIуэкIыныныкIэ тегъэщIапIэщ ягъэува мардэм иту тхуэз:

а) хабзэхьумэ, налог органхэм къагъэхь информацэр;

б) политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм) зэпымыуэу лажь я унафэщI органу законым къызэригъэувым тету ятахэм, политикэ парту щымыт адрей урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыналъэ зэхуагу, щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъахь информацэр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм къиГъэхь информацэр.

8. Мы Положенэм и пункт 1-м и «а», «б» пункт къуэдзэхэм къагъэув къэпщытэныгъэ ираГъэкIуэкIыныныкIэ тегъэщIапIэщ ягъэува мардэм иту тхуэз:

а) хабзэхьумэ органхэм, нэгъуэщI къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, абыхэм къулыкъу щызыщIэ щIыхуэхэм къагъахь информацэр;

б) политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм) зэпымыуэу лажь я унафэщI органу законым къызэригъэувым тету ятахэм, политикэ парту щымыт адрей урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыналъэ зэхуагу, щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъахь информацэр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм къиГъэхь информацэр.

9. Мы Положенэм и пункт 1-м и «а», «б» пункт къуэдзэхэм къагъэув къэпщытэныгъэ ираГъэкIуэкIыныныкIэ тегъэщIапIэщ ягъэува мардэм иту тхуэз:

а) хабзэхьумэ органхэм, нэгъуэщI къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, абыхэм къулыкъу щызыщIэ щIыхуэхэм къагъахь информацэр;

б) политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм) зэпымыуэу лажь я унафэщI органу законым къызэригъэувым тету ятахэм, политикэ парту щымыт адрей урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыналъэ зэхуагу, щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъахь информацэр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм къиГъэхь информацэр.

10. Мы Положенэм и пункт 1-м и «а» пункт къуэдзэм къагъэув къэпщытэныгъэр ираГъэкIуэкIыныныкIэ тегъэщIапIэщ ягъэува мардэм иту тхуэз:

а) хабзэхьумэ органхэм, адрей къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, абыхэм щIыналъэ къулыкъущIэхэм къагъахь информацэр;

б) политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм) зэпымыуэу лажь я унафэщI органу законым къызэригъэувым тету ятахэм, политикэ парту щымыт адрей урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыналъэ зэхуагу, щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъахь информацэр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм къиГъэхь информацэр.

11. Мы Положенэм и пункт 1-м и «а», «б» пункт къуэдзэхэм къагъэув къэпщытэныгъэр ираГъэкIуэкIыныныкIэ тегъэщIапIэщ ягъэува мардэм иту тхуэз:

а) хабзэхьумэ органхэм, адрей къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, абыхэм щIыналъэ къулыкъущIэхэм къагъахь информацэр;

б) политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм) зэпымыуэу лажь я унафэщI органу законым къызэригъэувым тету ятахэм, политикэ парту щымыт адрей урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыналъэ зэхуагу, щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъахь информацэр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм къиГъэхь информацэр.

12. Мы Положенэм и пункт 1-м и «а», «б» пункт къуэдзэхэм къагъэув къэпщытэныгъэр ираГъэкIуэкIыныныкIэ тегъэщIапIэщ ягъэува мардэм иту тхуэз:

а) хабзэхьумэ органхэм, адрей къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, абыхэм щIыналъэ къулыкъущIэхэм къагъахь информацэр;

б) политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм) зэпымыуэу лажь я унафэщI органу законым къызэригъэувым тету ятахэм, политикэ парту щымыт адрей урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыналъэ зэхуагу, щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъахь информацэр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм къиГъэхь информацэр.»;

б) пункт 20-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъум парыт щIыхуэм зэримыГъэзащIэм,» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъум парыт щIыхуэм мы Положенэм и пункт 1-м и «а» пункт къуэдзэм къигъэув Iуэхущ мытэмэну е иримыкIыу къызэритам, е абы Iэнатlэм зэрыпэрытым хуэй хабзэр зэримыГъэзащIэм» жиIэу.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органэм я унафэщIэм яхуэГъэувын:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэр зыпэрыт Iэнатlэр зэрырахьжI хабзэм зэрытетымрэ лъэныкъуэхэм яку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэгъэкIыныныкIэ комиссэхэм ятеуху положенэхэр мы Указым тету зэхалъхьэу къащтэну;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэр зыпэрыт Iэнатlэр зэрырахьжI хабзэм зэрытетымрэ лъэныкъуэхэм яку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэгъэкIыныныкIэ комиссэхэм ящыщ;

в) мы Указыр гъэззащIэныныкIэ зыхуэфащэ адрей IуэхущIэ зэфIагъэкIыну.

5. Гофсовэ, щIэныгъэ организацэхэм, курыт щIэныгъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, профессиональнэ щIэныгъэ гъэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущ Iапl эхэм яхуэГъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэр зыпэрыт Iэнатlэр зэрырахьжI лъэныкъуэхэм яку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэгъэкIыныныкIэ комиссэхэм ящыщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щышхьэIум и 27-м
№85-УП.

● КъБР-м и Президентым и пощт

Унагъуэщ Iэхэм папщIэ - псэупIэ

Дэ дыупэгъащIэщ, тIурн нлъэс 50-м дынеблагъэ, зы сабий диIэщ. ПэгъуэщI куэдхэм хуэдэу, щIыжI къэтщта фэгъэрым дыщIэсщ. Псэупlэ къритщэхун щхьэкIэ, мазэм сом мини 10 - 12 нэхъ хуэмызэу процент мащIэкIэ ахъшэ къыззыIэтх хъуну банкыр къыджепIамэ арат.

Мыкъуэ Д.,
Налшык къалэ.

Псэупlэ къащхьхунымкIэ унэгъащIэхэм яззрыдэIэпыкъу щыкIэм дыхэбгъэгъуэзэну дыхуеГт. Кредитым дыпэлъэщыныгъкым, анэм хуэдэ мытыкур абы хуринкъуркым.

ЗэшэкIуу А.,
Налшык къалэ.

Дэ дыупэгъащIэщ. Псэупlэ къызэрытщэхуну кредит къеIытхынымкIэ укъыддэIэпыкъуну дыпылъэIу.

Колмаков А.,
Налшык къалэ.

Жэуап кърет КъБР-м Унэхъыгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Абрэдж Iэдыб:

- Псэупlэр дэтхэнэ зы щIыхьи и гъащIэм нэхъ мы:ьхэнэшхуэ щызыIэ икIи мыльхьшхуэ зыхалъхьэ Iуэхущ. Ар къызэрищэхуну ахъшэр къызэмэщIыкIэм я дежкIэ нэхъ Iэмал ешъ рабгъуэхэм ящыщщ ипотекэ кредитыр.

Ипотекэ щIыхуэхэр КъБР-м нэхъыбэу щызыгъэтыр Урысеим и Хъмапlэ банкымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ ипотекэ корпорацIэ» ОАО-мрэщ. Яп:э взносыр зэрыхъэм, кредитыр зыхуэдизым, къызэрагъэтlапlэм еГыгъагъ. Хъмапlэ банкым ит щIыхуэхэм ильэсым процентти 10 - 16 ставкэу хуагъэув. Ипотекэ корпорацIэм и заемхэм процент 11,5 - 12 хуоэз. Къэрал пщалъэм тету ипотекэ щIыхуэ кьыIахьи щхьэкIэ, Iыхьэм и уасэм щыщ Iыхьэм (яп:э взносым) пэкIэ мыльку гъэтIыпIыгъэ яIэн хуейщ. Кьыхаха ипотекэ программэм тещIыхьауэ, ар псэупlэм хуэзэм и процент 10-м щегъэжьауэ 40-м нос. Апхуэдэу мазэ кьэс ятIэжьым хуэфащэ хъэхуэ зэрапlэр щIыхьэт тхыльхьIэ щIагъэбыдэн хуейщ. Псалъэм папщIэ, мазэм сом мини 10 - 12 фыпшыныжьну тевуху:э, фи хэхъуэр абы зэрыщIигъэр хъхаеу къэвгъэтъэгъуапхъэщ.

Мы Iуэхум нэхъ зэпкърыхауэ щIэупщIэну хуейхэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ ипотекэ корпорацIэ» ОАО-мрэ Урысеим и Хъмапlэ банкым и щIыналъэ къудамэрэ зыхуагъазэ хъунущ.

Абыхэм я хэщIапlэр: Налшык къалэ, Арманд Инессэрэ Кlыщокъуэмрэ я щIэкIэ щыIэ эрамэхэм тет 43-нэ, 72-нэ унэхэр. «КъБР-м и ипотекэ корпорацIэ» ОАО-м и телефоныр: (8662) 40-46-04.

КьыщынэмыщIауэ, 2002 - 2010 гъэхэм тещIыхьа «Псэупlэ программэ» хэхар зэкIэлъыгъэкIуэным и Iуэхукlэ» федеральнэ программмэ хэхам «УнагъуэщIэхэр псэупlэкIэ къызэгъэпэщын» и программэ гъэдзэн ягъэзащIэ. 2015 гъэ пщIондэ абы пащIнущ. УнагъуэщIэхэр мыпхуэдэ щIыкIэкIэ программэ гъэдзэн хьыхьэ хъунущ:

- зэщIыкъгъуэзэм я ныбжьыр илъэс 35-м фIэкIа хъунукъым;

- унагъуэм и псэупlэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейр гъэбелджIылъауэ щытыпхъэщ;

- социальнэ ахъшэу кьыIэрыхьэм щIигъуу, псэупlэм и уасэр (ику иту) итыжьыфыщ папщIэ, зыхуейм хуэдиз хэхъуэрэ нэгъуэщI мыльку гъэтIыпIыгъэрэ унагъуэм иIэн хуейщ.

Программэ гъэдзэм хьыхьэ щхьэкIэ, зэпымыуэ пыпсэ щыпIэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ Iуэхущlапlэм унагъуэщIэм мыпхуэдэ тхыльхэр ирет:

а) пхъIу тхыльым и экземпляртI;

б) унагъуэм ис дэтхэнэми и шыфэлIыфэм теухуа тхыльхэр;

в) нэчыхь тхыльхэр;

г) унагъуэщIэм и псэупlэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейм щыхьэт текIуэ тхыльыр е псэупlэ ипотекэ кредиткIэ кьыщхуа (ихуха) псэупlэм зэрыхуитыр кIэралъм зэритхам и щыхьэт тхыльыр, апхуэдэу 2006 гъэм щыщIыпlэм и 1-м мынэхъ пасэу зыхуэфащэ кредит зэгурыIуэныгъэ щIэзращIыпlэм хуэзэу, унагъуэщIэм и псэупlэр егъэфIэкIуэн хуейуэ къызэрарытыгъам щыхьэт текIуэ тхыльхэр;

- д) социальнэ ахъшэу кьыIэрыхьэм щIигъуу, псэупlэм и уасэр (ику иту) итыжьыфын папщIэ, зыхуейм хуэдиз хэхъуэрэ нэгъуэщI мылькуэрэ унагъуэщIэм зэриIэм щыхьэт текIуэ тхыльхэр;

е) щатха щIыпIэр къэзыгъэльагъуэ тхыльымрэ финансхэмкIэ и счетым и копиемрэ.

Гъуэгу дамыгъэхэр щагъэуващ

Троллейбусым папщIэ, Iэщэным и цIэкIэ щыIэ уэрамым и бгъуагъым зы зэман зэрыхагъэхъуауэ щытар Искож хьэблэм щыпсэуэхэм щIыхьхэпIэ щынагъуэу къытхуннащ. Ар къызэджапIэ зэращIам насыпыншагъэ къеIэ, щIыхуэгъэ хокIуэдэ. ДыпывольэIу хуэбжьагъыр зэтезыныгъэ дамыгъэ Iэрыщ1 зыбжанэ я гъуэгум хэфщIыхыну.

Хазнаевэ Д.,
Налшык къалэ.

Жэуап кърет Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп:э къуэдзэ Сорокин Виктор:

КъБР-м и Президентым ищIа щIыкIыгъэм тету Щэщэным и цIэкIэ щыIэ уэрамым НеделинымрэИнгушымрэ я цIэкIэ щыIэ уэрамхэм я зэхуакум хуэзэу дамыгъэ Iэрыщlхэр щыхащIыхьащ.

Бакьачнихэр яхъуэжащ

Илъэс зыбжанэ и пэкIэ, Кулневым и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет 5 «а» дин уэрам и щIапIэм («Глобус» ЖСК) кооператив уиз щаухуащ (Ватутиным и щэжь щыIэ уэрам, 28). Канализа:цэм и коммуникацэхэр тэмэму зэрызэпамыгъэуфам и зэранкIэ, абы пьанд:эрэ фIей щIэжьар ди пщIантIэм къыдолъхьащ нкIи уз зэрыщIалэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрагъэубгъункIэ щынагъуэ къешэ.

Уиэм щыпсэуэхэр.

Жэуап кърет Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и яп:э къуэдзэ Сорокин Виктор:

- «Псы кIэнаэу» управляющэ компание» МУП-м и къаруклэ а щIыпIэм канализа:цэ бжьамийхэр щызэрахъэкIащ. Ядежи псы фIейр къыдэкIуеижыркъым.

● Пщэдей Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуащI

Сунш Ануарбий

***УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ зэхуаку конференцым къыщыхуагъащ1 Нартсанэ - Нарзаныпсхэм я Аус-Джылы-Су-Iуащхьэмахуэ лъпIэ» турист кластерым зегъэужьыным и лъабжьэу зэрыщытыр. И пIалъэм яухри абы и зи чэзу Iыхьэр мы гъэм ятати, и фIагъым къэрал комиссэр арэзы техъуащ. 80 гъэхэм я пэщIдзэм километр 71,7-рэ зи кIыхьагъ щIыналъэ автомобиль гъуэгум и проектыр гъэзэщIэн щIадзауэ щытащ.*

А лэжьыгъэр зэрекIуэкIым, аIухэдэу я гупыщхуэр гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэм зэрыIущIэм тедгъэпсэльыхьыну дэ зыхуэдгъэщIащ КъБР-м транспортымкIэ, связьмрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Сунш Ануарбий.

- Ануарбий, мы илъэсым фи къалэнхэм дауэ фехъуIэрэ?

- Ди нэгу зэрыщIэкIщи, иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым транспорт Iэнатlэм нэрылъагъу зыщIежь. Гъуэгу хозяйствэр абы и зы Iыхьэщ. А Iуэхур ди республикэм щыдоунэIэ федеральнэ центрым, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ къагъэув къалэнхэм зэрыщыубзыхуам тету. Щыналъэ гъуэгухэм зегъэужьыным гулытэ хэха худощI - щIэхэр доухэу, турист-рекреацIэ комплексыр здэщыIэ щIыпIэхэр эйуэпэщ дощI.

2008 - 2013 гъэхэм тещIыхьа «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, Нартсанэ - Нарзаныпсхэм Аус-Джылы-Су - Iуащхьэмахуэ гъуэгум дыззрелъэсыным республикэм и унафэщIэхэр зэпымыуэу кIэлъопль, и зи чэзу Iыхьэр и пIалъэм ттащ. ХъуэныгъэщIэр зэкIэкIмэ, абы Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм я жылагъуэхэмрэ Iуэхущlапlэхэмрэ зэпищIэнущ, зыпlпlыжьакIуэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ тэмыщ къэкIуэфынущ. 2008 - 2010 гъэхэм кьриубыдэу, лъэмыжхэри хэту, километр 43-м нэблагъэ хьэзыр тщIынущ.

«Урысей зэкъуэт» партым и проектым хыхьэу Налшык къалэм къыпIикIухьу дыуэу «Кавказ» -М-29 федеральнэ гъуэгум Кавказ Ищхьэрэм и транспорт инфраструктурэм зригъэужьынущ. Абы километр 27-рэ и кIыхьагъщ. Ар 2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу дыуэну ди мурадщ. Гъуэгубгъуэм лъэпощхьэпохэр щыдгъэувынущ, уэздыгъэ щыфIэддзэнущ.

- Мыльку кIэ дауэ фыкьыщIэргъэпэщIэ?

- Дунейпсо финанс кризисым кьишауэ щыта гугъуехьхэм кьыхэкIыу, федеральнэ бюджетым щыщ субсидиехэр ягъэмэщIами, щIыналъэ автомобиль гъуэгуэгъэ зэгъэпэщIжынымрэ зехьэныкъуэ мы гъэм республикэм мыльку хьарзынэ хухихащ. Мэкъуаугъуэм 30-м КъБР-м и Правительствэм кьищта Унафэмкlэ, иджы яп:э сом мелуан 65-рэ хьу субсидиехэр кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ ятедгъэщащ. АбыкIэ жылагъуэхэм я уэрам гъуэгуу километри 127-рэ зыхуей хуагъэзэнущ.

Арами, мыльку кьытхуауэ Iыпщыр дызыхуейм нэсыркъым. Къэралым и дэнэ щIыпIи хуэдэу, ди республикэми автомашинэхэм я бжьыгъэм зэпымыуэу щыхохьуэ, гъуэгуэхэр тэмэму зехьэныкъ гугъу щIэ, транспорт инфраструктурэм и зыужьыныныгъэр зэтрагъпъэ.

Ди министерствэм кьыхилъхьащ гъуэгу фондхэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ и Iуэхур. Абыхэм мыльку зэрагъэзэхуэнущ, пIалъэ кIыхьым тещIыхьа лэжьыгъэхэр ягъэкIуэтэнущ. Республикэми апхуэдэ гъуэгу фонд кьыщызэрагъэпэщыну я мурадщ. Ар кьэтIыльатэри «2011 - 2013 гъэхэм псомэ кьагъэсэбэп щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэмрэ ухуэныгъэ Iэрыщlхэмрэ зехьэныкъ хуэзэр кьэщтэныныкIуэ Iуэхукlэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проект дгъэхьэзыращ.

- Илъэситху кьэкIуэнум фи мурадхэм теухуа план зэхэт фиIэщ. Абыи и гугъу уэрэдгъэщIынут.

- Ар КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Правительствэмрэ я унафэм тету зэхэтIыльащ. Зыхуэгъэзащ республикэм и транспорт Iэнатlэр егъэфIэкIуэным, инвестицэ цэкъешIэным щытыкIэфI кьыхуэгъэзэпэщынырщ. Абы ипкъ иткIэ, реконструкцэри хэту, федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэр кьызыхуэтынщэу зэгъэпэщIжыным, зыхуей хуэгъэзэным сом мелард 19 кьыщыдгъэсэбэпыну ди мурадщ. Километр мини 2-м нэблагъэм делэжьынущ, ар илъэситху кIуам тхуэзэфIэкIам хуэдитIпlэ кьыкъуэкIэ щIегъу. А кьалэнэр иджырей технологиехэм тету гъуэгу Iэнатlэм и Iщщагъэ минитIым нэсым зэфIагъэкIынущ.

- Я махуэм ирихьэлIэу фи гъуэгууцухэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?

- Республикэм и гъуэгу хозяйствэр комплексышхуэу зэхэтщ. Абы хохьэ псомэ кьагъэсэбэп автомобиль гъуэгухэр, инженер хуэныгъэхэр, проектхэр зыгъэхьэзыр, гъуэгухэр зыухуэ, зэзыгъэпэщIж, зезыхьэ Iэнатlэхэр. Ахэр зэхуэу, зэкъуэту яунэтI эи Iщщагъэм хуэпэж, хуэIэижь, щIэныгъэ хуу зиIэ IэщщагъэлIэм. Республикэм и зыужьныныгъэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуэзышI ди гъуэгууцухэм я махуэ lъапlэмкIэ сохъуэхъу. Я щхьэкIи , я унагъуэкIи зэхуэузыншIэу лэжьыгъэ щхьэпэ куэд дяпэкIи я Iэдакъэм щIэкIыну си гуапэщ.

Епсэльар **БИЩIО Майещ.**

● Спорт хъыбархэр

Кавказ Ищхьэрэм - мамырыгъэ!

Нобэ Щэрэдж кIуэн щыIэ «Гъэлщхьуантlэхэр» турист базэм и Iэхэлъаухэм ящыщIэуфах «STRIMFEST - 2010» фIэщыгъэлIэм щIэту экстремал спорт лIэжьыгъуэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ фестиваль.

АР МАХУИТКIэ, жэпуэгъуэм и 16 - 17-хэм, екIуэкIынущ Абы и купщIэ нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым турист нэхъыбэ къешэлIэнырщ, сэбэп пылъу зыгъэпсэхуным зегъэубгъунырщ, экстремал спорт лIэужьыгъуэхэм республикэм и щIалэгъуалэр дегъэхьэхынырщ.

«Кавказ Ищхьэрэм - мамырыгъэ!» кьыхуеджэжныгъэм щIэтIу Iуэхугъуэхэр ейуэжкIынущ «OPEN AIR» щIалъэм изагъэу. Апхуэдэуи кьызэрагъэпэщынущ «Downhill», «Freeride», «Mountain dike», «Rolles» ныкъуэжьгъажэхэмкIэ псынщIэу бгым кьежэхынымкIэ, «Джиппинг-Клаб» клубэм, парапланеризмэмрэ авиацIэ псынщIэмкIэ республикэ федерацэм, квадрациклет спортым, бгы мотоциклистхэм, «Пейнт-бол»-м дихьэххэм я зэфIэкIэхэр щагъэлъэгъуэну Iуэхугъуэхэр.

Фестивалым ирагъэкIуэкI «Урысейм и щIалэгъуалэ я жэрдэмхэр», «МДрайв» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ Щэрэдж куей администрацэмрэ. Проектыр пхыгъэкIыныныкIэ щIэтIэкъуэнщ Урысей Федерацэм и полномочиэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратыр, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, «Урысей зэкъуэт» политпартыр и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр, УФ-м Экстремал спортымкIэ и федерацэр, нэгъуэщI хэр.

БЕЖАН Бесльэн.

Щыналъэ зэхьэзэхуэм ирагъэблагъэ

«Ладья» республикэ шахмат-щыкэ клубым щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм шахматэжкIэ я республикэпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ щIалэ щыкIу 81-рэ хъыджэбз щыкIу 40-рэ. Апхуэдэу пашэ хъуным щIэбэнащ спортым и мастерым и кандидат 14.

IэЗАГъэлэгъ кьигъэльагъуэу зэхьэзэхуэр и кIэм нигъэсащ зэIуцIибгъуми текIуэныгъэ кьыщызыхьа Щэджэм кьалэ и школ №2-м и епщыкIуэнэ классым щеджэ Чап Iэдэм. Абы кьыкIэльокIуэ очкоибл кьэзыхьа Налшык дэт школ №9-м щIэс Анахаев Исмэхьил. Ещанэ хьуащ Шырыжь Исльам (Налшык, школ-лицей №2).

Хъыджэбз щыкIуэхэм ирагъэкIуэнкар зэIуцIэ блырыблIщ. Абыхэм ящыщу хым щытекIуа спортым и мастерым и кандидат Шорэ Iланэ (Налшык, школ-лицей №2) пашэныгъэр щиубыдащ. ЕтIуанэ хъуащ Нэхущ ФатIимэ (Бахьсэн куей, Исльэмей, школ №2). Абыхэм кьанэльокIуэ Шапсыгъ Залинэ (Исльэмей, школ №2). Зэхьэзэхуэм кьыщагъэльэгъуа зэфIэкIхэм щхьэкIэ Нэхущымрэ Шапсыгымрэ 1 разряд кьыхуагъэфэщащ.

ТекIуахэмрэ кьыхэжаныкIахэмрэ медалхэр, кубокхэр, дипломхэр иратащ ижкIи Iэмал ягъэтащ щажкIуэгъэуэм и 3-11-хэм Налшык щекIуэкIыну Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэм хэтыну.

КъЭХЪУН Бэч.

● Хъыбар гуапэ


Къужей Каринэрэ абы и еГъэджакIуэ Къардэн Маринэрэ.

Ди пщащэхэм гу къыльатэ

Налшык къалэ дзэ гимназие №4-м и еджакIуэ Къужей Каринэ къыхуагъэфащащ «Хабзэхэр зэхэлъхьэныным теухуа си жэрдэм - 2010» урысейпсо щIалэгъуалэ зэпеуэм и Гран-при.

И ЕГъэДЖАКIУЭ Къардэн Маринэ и нэIэм щIэту Каринэ игъэхьэзыра «ЕджакIуэхэм я къэрал аттестацIэр» проектыр нэхъыфI дыдэу кьыщалъытащ «Егъэджэныгъэ. Щэнхабзэ. ЩIэныгъэ» унэтIныгъэм. Езы Каринэ «УФ-м и депутату хэпх хъуну» дамыгъэр кьыдагъэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыщу иджыри пащащитI хэтащ а зэхьэзэхуэм - Лъэпщокъуэ Элинэрэ (гимназие №14) Щоджэн Белзэрэ (курыт школ №32-р къэзыуха). Элинэ дипломант хъуащ, Беллэ «УФ-м и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэ» дыжьын дамыгъэр кьратащ.

НыбжьыщIэхэм я лжьыгъэм щыпхагъэкIар УФ-м и Президентым и Управленэу Москва и Iэгъуэблагъэм щIэ «Непецино» базэрщ, теКIуахэр щагъэльэпIар УФ-м и Къэрал Думэрщ. ЩIыхь тхыльхэмрэ дамыгъэхэмрэ абыхэм кьаритыжащ Къэрал Думэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и комитетым и Iэтащхьэ Балахин Григорий.

Ди Iыхэгъу пщащэхэр Налшык кьэжIужа нэужь, ЕгъэджэныгъэмкIэ Налшык къалэ департаментым и унафэщI Мэлбахьэу Тимур Iущlащ. Абы щыгъуэ Къужей Каринэ жиIащ езым хуэдэ ныбжьыщIэхэм утыку кьрахьа проектхэм я нэхьыбэм хабзэм теухуауэ жэрдэм гуэри кьыхалъхьэу кьызэрыхэмыщащ, иджырей законодательствэм хэль ныкъусаныгъэхэм ящыщи кьызэрамыгъэлъэгъуар. «Иджы, шэч хэмылъу, сощI юрист сызэрыхьунур», - жиIащ Каринэ.

Пащащэм екъуэхьуу, и лэжьыгъэм зэрегугъум, творческэ зэрыбгъэдыхьэм папщIэ Къардэн Марини фIыщIэ хуищIа нэужь, Мэлбахьэу Тимур жиIащ апхуэдэ зэпеуэхэр зэрыщхьэпэр, ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэм, гъашIэм зэреплъ щыгъкIэри, льагапIэхэм зэрыщIэхъуэпсри кьызэрагъэльагъэр.

ЩЫПIШ Даянэ.

● Къэбэрдей-Балъкъэр

Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я щIыхьэ артист Тут Заур уэрэд жеIэ.

● Бахьсэн куей

Гектар 1200-м щIигъукIэ

Иужьрей зэманым Бахьсэн районым сэхуранэ къыщрахьэлIэм хагъахьэ.

КъАПЩТЭМЭ, Куба, Исльэмей, Бахьсэненкэ къуажэхэм мы гъэм а къэкIыгъэр технологиещIэм тету щелэжьащ, щIыгъэпщэрэмкIэ, гербицидыфIхэмкIэ щегугъащ, хьэпIащIэхэмрэ уэхэмрэ ящыщыхьэмэ хущъхьэуэм и чэзуу ирахьэлIащ. Абы и фIыгъэкIэ хьэсэхэр къабзэу зэрахьащ, сэхураным зэдэуу зиужьащ.

Исльэмейм и гъавэгъэкIэм гектарым хуэзэу центнер 17 кьытрахащ, Бахьсэненкэ, Куба, Псыхъурей, Зеикъуэ, Къуэбэ-Тэбэ жылагъуэхэм дэтхэнэми центнер 16 кьыщщIаIукIащ. А бжьыгъэхэр ику иту республикэм кьыщрахьэлIэжам центнери 2-3-кIэ щIегъу.

Псори зэхэту мы гъэм районым сэхуранэр гектар 5213-м щызэрахащ. Ар нэгъабэрейм нэхърэ гектар 1201-кIэ нэхъыбэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Гъуазджэм и лэжьакIуэхэр

●Ди псэлъэгъухэр

Тхылъым имыхуар кIуэдыгъуафIэщ

Пасэрей алыджхэм я деж щегъэжьауэ нобэрей хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я деж щиухыжу адыгэхэм (шэрджэсхэм) къыттемытхыхьар укIуэдыжж. Ахэр, дауи, бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэм дунейм къытехьащ икIи щIыпIэ куэдым щызэбгрыпхъащ. А тхыгъэхэр къанэ щымыIэу зэхуэпхьэсыжыну яужь уихьэныр пхуэмыгъэзэщIэн къалэнщ, ауэ Iэмал щыIэщ я нэхъыбэр зэбгъэуIужыну. Апхуэдэ мурад ящIащ илъэс зыбжанэ и пэкIэ Тыркум къыщызэрагъэпэща «Kavdaw» («Кавказ зэгурыIуэныгъэ») жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм. Абыхэм ящыщу Аджашэ Мухьэдин, Натхъуэ Сабри, Тыгъу Раджаб-Раджаб сымэ иджыблагъэ Налшык щыIащ. Ар къэдгъэсэбэпри, иужьреитIым упщIэ зыбжанэкIэ захуэдгъэзащ икIи а Iуэхугъуэ щхьэпэр къызэрежьа щIыкIэмрэ нобэкIэ зрагъэхъулIэфахэмрэ тедгъэпсэлъыхьащ. Натхъуэ Сабри Тыркум щопсэу, щIалищрэ щхьэгъусэрэ иIэщ. Къэралым экономикэмкIэ и министру 1996 - 1997 гъэхэм лэжьащ. Измир дэт университетым экономикэмкIэ и факультетым иджыпсту и деканщ, профессорщ. Тыгъу Раджаб-Раджаб Тыркум банку щыIэ гупым я Хасащхьэм (Советым) и тхьэмадэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, «Kavdaw» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Аджашэ Мухьэдин псалъэмакъым къэрихьэлIакъым, зыхуеину тхыгъэхэр щызэхуихьэсыжу а зэманым «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм зэрыщыIам къыхэкIыу.

- Псалъэмакъым и пэщIэдзэу ди газетеджэхэм факъезгъэщIыхуну сыхуейт.

Н. С.: - Куэд щIауэ адэжь Хэкум сыкъэкIуэжыну си нэ къыхуикIырт, арщхьэкIэ къыщызэхъулIар иджыщ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ сызыхэт «Kavdaw» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Аджашэ Мухьэдин щэнхабзэ Iуэху иIэу къакIуэрти, абы гъусэ сыкъыздищIащи, фIыщIэшхуэ хузощI. Сэ мы гупым щIэныгъэмкIэ и къудамэм сриунафэщIщ икIи Мухьэдин дэIэпыкъуэгъу сыхуохъу. Абхъазым щедгъажьэри, Адыгейми дыщыIащ, иджы Къэбэрдейм дыкъэкIуащ.

Хэкужьым теухуауэ сызэрысабийрэ куэд дыдэ ди нэхъыжьхэм жаIэу зэхэс хат, ауэ слъэгъуар бэкIэ нэхъ дахэщ икIи нэхъыфIщ. Мыпхуэдэ нэгъуэщI щIыпIэ дунейм тету си фIэщ хъуркъым. ЦIыхухэри гуапэ защIэщ.

Си адэжьхэр Шапсыгъым иIэпхъукIащ. Тохъутэмыкъуей куейр нэхъапэм я хэщIапIэу щытауэ яIуэтэж, хэти нобэрей Краснодар къалэм (Бжьэдыгъукъалэ) пэгъунэгъуу щыIа шапсыгъ къуажэхэм къыдэкIауэ жеIэ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыпсэу Натхъуэ Къадир куэд щIауэ Хэкужьым пыщIэныгъэ хуиIэщ, тхылъ зыбжани и къалэмыпэм къыщIэкIащ. Нобэми Адыгейм Натхъуэхэ зэрыщыпсэум и хъыбар къытхуищIат. Къадир зэхуихьэсыжа дэфтэрхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, ИстамбылакIуэм и лъэхъэнэм ди адэжьхэр Тыркум а зэманым хыхьэу щыта Болгарием щитIысыкIащ. ИужькIэ зыкъомыр Тыркум Iэпхъуауэ зы къуажэ хуэдиз хъуну щопсэу, адрейхэм Израилым хыхьэ Кфар-Камэ псэупIэ щащIащ. Иджыблагъэ Мейкъуапэ сыщыщыIам ди унэкъуэщхэм захуэзгъэзэну, сепсэлъылIэну дыкъызытекIухьа лэжьыгъэм зэман къысхудигъэхуакъым, Тыркум къиIэпхъукIыжауэ зы унагъуэ щыпсэути, абы сыIущIащ армыхъумэ. АрщхьэкIэ мыгувэу абыхэм ящыщ Истамбыл нэкIуэну дызэгурыIуащ.

Т. Р.-Р.: - 1890 гъэм Тыгъухэ дызыдэс адыгэ жылагъуэр Тыркум щетIысэхауэ хъыбар щыIэщ. Хэкужьым ди адэжьхэр щыпсэуар Мейкъуапэ пэмыжыжьэу щыIа Натырбей къуажэращ.

Адыгеймрэ Къэбэрдеймрэ илъэс тIощI хъуауэ Iэмал згъуэтыхукIэ сыкъокIуэ икIи сыт щыгъуи дэрэжэгъуэ ин згъуэтауэ, Хэкужьым зыщызмыгъэнщIауэ согъэзэж. А лъэхъэнэм къриубыдэу адыгэхэм я зэхэщIыкIыми, гупсысэми, къулеягъми хэхъуауэ къысщо хъу. Ди лъэпкъэгъухэр кIуэ пэтми нэхъ тегушхуа, зэIуха мэхъу. Нэхъапэм тхьэмыщкIафэ Iей еспплъу щытати, иджы ар, Тхьэм и шыкуркIэ, щыIэжкъым.

- ФыкъыщIежьа Iуэ хугъуэм иджы и гугъу къытхуэфщIамэ ди гуапэт.

Н. С.: - Аджашэ Мухьэдин ди тхьэмадэу программэ щхьэхуэ зэхэтлъхьауэ щхьэж и къалэн догъэзащIэ адыгэхэм ттеухуауэ ятхауэ дуней псом щызэбгрыдзахэр зэхуэхьэсыжыныкмкIэ, ар псоми я пащхьэ илъхьэнымкIэ. Мы IуэхумкIэ хуабжьу щIэгъэкъуэн къытхуохъу Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу щIэныгъэлIхэр, хьэрычэтыщIэхэр. Ди гупыр псори зэхэ ту цIыху 75-рэ дохъу икIи дэтхэнэми IэнатIэ хэха иIэу дыщытщ. Етхьэжьа IуэхугъуэмIехьэлIауэ хэт зыхуэдгъэзами, хуабжьу гуапэу къытIуощIэ икIи сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуэгъу къытхуохъу. Сыхъуми, Мейкъуапи, Налшыки ди лъэжьыгъэр дызэрыхуей дыдэм хуэдэу дэгъуэу щызэфIэкIащ.

Т. Р.-Р.: - Израилми, Тыркуми, США-ми, Сириеми, Иорданми, дэнэ щIыпIи щыIэ тхыгъэхэр, дэф тэрхэр зэхуэтхьэсыжурэ, къызэдгъэпэща библиотекэ иным щIыдолъхьэ, хэт хуейми щыгъуазэ зищIыфын хуэдэу. Пасэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсыр къызэщIиубыдэу адыгэхэм я тхыдэр, хабзэр, зэхэтыкIэр зригъэщIэну хэт щIэхъуэпсхэми ар зыджыну хущIэкъухэми Iэмал хъарзынэ къахузэIутхащ. Iуэхур нэхъ тыншыж хъун папщIэ зэхуэтхьэсахэр интернетым идолъхьэ. Абы и фIыгъэкIэ хэт хуейми гугъу емыхьу адыгэхэм ехьэлIа сыт хуэдэ хъыбарри и унэм щIэсу, еджапIэм е лэжьапIэм щыIэу псынщIэу Iэрыхьэфынущ. Дэфтэр щхьэпэхэр къыщыдгъуэтащ Тыркум, США-м, Урысейм и къалащхьэу нэхъапэм щыта Санкт-Петербург щыIэ Эрмитажым, нэгъуэщI гъэтIылъыпIэ хэм, гъэлъэгъуапIэхэм. Иджы адэжь Хэкуми ахэр къыщыдолъыхъуэ.

- Адыгэхэм ятеухуауэ ятхахэр зыхуэхьэсыжыным, хэIущIыIу щIыным, дауи, мыхьэнэшхуэ иIэщ. А Iуэ хугъуэм фыпэрыхьэным сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуар?

Н. С.: - Мыбы мыхьэнэшхуэ иIэу къыдолъытэ, сыту жыпIэмэ тхылъым имыхуар кIуэдыгъуафIэщ. Хабзэри, зэхэтыкIэри, сыт хуэдэ IуэхугъуэфIри тхыдэм щыхыхьэнур тхылъу къыдэкIа иужькIэщ. Ахэр нэхъыбэхукIэ, лъэпкъри нэхъ пасэу къежьауэ икIи къулейуэ къалъытэ.

«Kavdaw» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрыунэхурэ дэкIа илъэс пщыкIутIым къриубыдэу лъэжьыгъэшхуэ зэфIэгъэкIа хъуащ. Псом хуэмыдэу иужьрей илъэсиплIым куэд зэхуэтхьэсыфащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу ди библиотекэм тхыгъэ щхьэхуэу мини 6-м щIигъу щIэтлъхьащ икIи абыхэм делэжьыжурэ тхылъ щхьэхуэу къыдыдогъэкI, интернетым идолъхьэ. Мураду диIэщ, зэман дэкIмэ, ди хэщIапIэр щIэныгъэлIхэр щылажьэ, адыгэхэм теухуауэ зыхуей псори щагъуэт дунейпсо центр тщIыну.

Адэжь хэкум дыкъыщIэкIуэжар иджыри къэс ди лъэпкъым теухуауэ мыбы къыщыдэкIа тхылъхэр зэхуэтхьэсыжу здэтхьыну аращ. Абхъазми, Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми абы ехьэлIауэ хуабжьу гуапэу къыщытIущIащ икIи щIэгъэкъуэнышхуэ къыщытхуэхъуащ. Къапщтэмэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Барэсбий тхылъ куэд тыгъэ къытхуищIащ, «Эльбрус», «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэхэм дыщыIати, абыхэми къыдагъэкIахэр къыдатащ. Зэманышхуэ къыттригъэкIуадэу, сыт и лъэныкъуэкIи сэбэп къытхуэхъуу мы махуэхэм ди гъуса «Пэрыт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ IутIыж Мэжид фIыщIэ ин хуэтщIыну дыхуейщ. ДыкъызэрыкIуар къыщищIэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, дэнэ щIыпIи щыIэ ди лъэпкъэгъухэм къацIыху икIи пщIэшхуэ зыхуащI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зыкъытхуигъэзащ икIи къытхуэщхьэпэн чэнджэщ куэд къыдитащ, сыт и лъэныкъуэкIи зыкъытщIигъэкъуэнуи дыкъигъэгугъащ.

- Зэхуэфхьэсахэм я нэхъыбэр, дауи, щIэрыщIэу къыдэвгъэкIыжынущ, интернетым ифлъхьэнущ. Сытыбзэкlэ ахэр дунейм къызэрытехьэнур?

Н. С.: - ЗэкIэ тыркубзэрэ инджылызыбзэкIэщ.

Т. Р.-Р.: - Абхъазым дыщыкIуам зэгурыIуэныгъэ зэтщIылIащ интернетым абхъазыбзэкIэ тхыгъэхэр итлъхьэну. Апхуэдэ дыдэу адыгэбзэкIи тщIынущ. Аращи, зы тхыгъэм адыгэбзэкIи, абхъазыбзэкIи, тыркубзэкIи, инджылызыбзэкIи укъеджэну Iэмал щыIэнущ.

- Фыкъыщежьэм фи мурадахэр къывэхъулIауэ къэфлъытэрэ?

Н. С.: - Сэ си мурад нэхъыщхьэр адэжь Хэкур зэзгъэлъагъуну арати, къызэхъулIащ. Хуабжьу сигу ирихьащ слъэгъуа, сызыхуэза псори. Иджы си унагъуэр си гъусэу щIэх-щIэхыурэ къытезгъэззэну си мурадщ. Дауи, пщэрылъ къысщащIа лэжьыгъэ Iуэхухэри къанэ щымыIэу гъэззэщIа хъуащ. СфIэхьэлэмэту сыкIэлъыплъащ фи экономикэм и зэхэтыкIэми. Гъунапкъэ хэр зэIуахрэ къефхьэлIахэр хуиту дэни щыфщэ хъумэ, абы зыужьыныгъэшхуэ игъуэтынущ, цIыхухэри бей хъунущ, къэралми и пщIэр дэкIуеинущ. Къулеягъэм и нэхъыщхьэ дыдэр щIыгуращ - абыкIэ адыгэр дехъулIащ. АдэкIэ дэ дызыхуейр ди щIэблэр лъэпкъым хабзэрэ нэмыскIэрэ хуэфащэу гуащIэдэкI хьэлэл къыпыкIыу гъэсэнырщ.

Т. Р.-Р.: - ДыздэщыIа щIыпIэхэм дыщызэгурыIуащ адыгэхэм ттеухуауэ зэхуэтхьэсыжахэм ящыщ Абхъазым, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдагъэкIыжыну.

- ФыздэщыIахэм ящыщу Къэрэшей-Шэрджэсым и гугъу фщIыкъыми. Абы иужькIэ щхьэхуэу фыкъэкIуэну ара?

Н.С.: - Черкесски дыкIуэну ди программэм хэтащ. АрщхьэкIэ абы лъэпкъ зэхущытыкIэхэр щыткIийуэ къыджаIати, дызэрыкIуар фIэгъэнапIэ ящIрэ бэлыхь къикIмэ жытIэри, а Iуэхугъуэр дгъэIэпхъуащ.

- НэгъуэщI лъэпощхьэпо гуэрхэр фи Iуэхум хэлъа?

Т. Р.-Р.: - Ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ хъуну сыхуейт. Европэм и адрей къэралхэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, дэри зы кхъухьлъатэм дитIысхьэрэ пэрыуэншэу дызэкIэлъыкIуэу, дызыхуей щIыпIэр псэупIэ тщIыну сыщIохъуэпс икIи абы дыхуэкIуэу къысщохъу. Абы и ужькIэ ди зэпыщIэныгъэхэри нэхъ уэр икIи сэбэп хъунут.

Н. С.: - Лэжьыгъэ IуэхукIэ сэ хамэ къэрал куэд къызыхэскIухьащ икIи слъэгъуар мащIэкъым. Гу зэрылъыстамкIэ, Урысей Федерацэм щыпсэухэр псынщIэу зызыужь, щIэр къэзыпхъуатэ цIыхухэщ. АрщхьэкIэ зы къэралым икIыу адрейм кIуэным гугъуехь куэд зэрыпыщIам Iуэхур къыщилъахъэ щыIэщ. Ар гъэкIуэдыжамэ, зыужьыныгъэри нэхъ щIэхуэбжьэнут, псом хуэмыдэу экономикэ и лъэныкъуэкIэ.

- Адыгэхэм ятеухуа тхыгъэхэр зэхуэхьэсыжыныр, дауи, гъунэ иралъа къудейщ. АдэкIэ дауэ пыфщэну фи мурад?

Н. С.: - Адыгэ тхыдэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм теухуа дунейпсо зэхуэс Тыркум щекIуэкIыну догъэхьэзыр. Ар псоми къыддаIыгъа Iуэхугъуэщ. ИджыпстукIэ долэжь абы къедгъэблэгъэнухэр, къэпсэлъэнухэр убзыхуным. Дыщогугъ адыгэ лъпкъым щхьэкIэ зигурэ зилрэ уз куэд а зэIущIэм кърихьэлIэну икIи къытхуэщхьэпэн унафэхэмрэ чэн-джэщхэмрэ къыщытщтэну.

Епсэлъар
ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

Натхъуэ Сабрирэ Тыгъу Раджаб-Раджабрэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зи цIэр фIыкIэ куэдрэ жытIэну Бичэ Джульбер

Май къалэм и федеральнэ судыщIэ Бичэ Джульбер фокIадэм и 7-м щIэпхъаджащIэхэм яукIащ. Зи машинэмкIэ унэм кIуэж щIалэр нэсыжыным метрищэ иIэжурат IейкIэ иужь ихьа лейзехьэхэр фочышэкIэ къыщыIущIам.

БИЧЭ Джульбер Хьэбас и къуэр 1964 гъэм мазаем и 22-м Бахъсэненкэ (Къэсейхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым щIалэщIэр Тэрч къалэм дэт мэкъумэш техникумым щIэтIысхьэри , ар 1983 гъэм диплом плъыжькIэ къиухащ. А илъэс дыдэм дзэм ираджащ, спортыр фIыуэ зылъагъу щIалэр къулыкъу щIэным гугъу дехьакъым. Сержант нэхъыжь цIэр къыфIащауэ, каратэмкIэ СССР-м и чемпиону, бгырыпх фIыцIэр иIэу унэм къигъэзэжащ.

Джульбер 1984 гъэм лэжьэн щыщIидзащ Бахъсэн РОВД-м. Зэрылажьэм хуэдэурэ абы къиухащ УФ-м и МВД-м и еджапIэ нэхъыщхьэ Новгород Ищхъэрэ къалэм дэтыр. 2001 гъэм ехъулIэныгъэ иIэу абы Москва къыщиухащ Урысейм и МВД-м и институтыр, кIэлъыкIуэу и кандидат диссертацэр пхигъэкIащ.

2001 гъэм щыщIэдзауэ 2005 гъэм нэсыху подполковник Бичэ Джульбер Прохладнэ район УБП-м и унафэщIу лэжьащ. 2005 гъэм абы къыхуагъэфэщащ федеральнэ судыщIэ IэнатIэр.

Зи псэр къабзэ, зи гурыщIэр дахэ, адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ хъуну щIалэр гъуанэдэуэу бзаджащIэхэм яукIащ. Къуажэми республикэми тфIэкIуэдащ цIыху щыпкъэ, лъэпкъми къэралми папщIэ Iуэху щхьэпэ Iэджэ зыхузэфIэкIыну адыгэ щIалэ. Милицэм и подполковник Бичэ Джульбер и лэжьыгъэфIхэм папщIэ къыхуагъэфэщат «За отличие в службе» орденым и I, II, III нагъыщэхэр, «За воинскую доблесть» орденыр. Абы УФ-м и МВД-м, а Iуэхущ IапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм я фIыщIэ, щытхъу тхылъу къратар куэд мэхъу.

ЩIэпхъаджащIэхэм я шэм ихьащ бынищым я адэ гумащIэр, жьы хъуа адэ-анэм я къуэ гъэсар, имычэзууэ "фызабэ" цIэр зезыхьэн хуей хъуа цIыхубзым и щхьэгъусэр.

Джульбер зытет дунейр нэхъ дахэ зэрищIыным яужь итт, ар ныбжьэгъур зыгъэпэж, нэхъыжьым и нэмысыр зыIыгъ, нэхъыщIэр зыущий лIы щыпкъэт.

Бичэ Джульбер дунейм зэрехыжрэ махуэ 40 мэхъу. Хьэкъыу ди фIэщ мэхъу ар зыцIыхуу, и IуэхущIафэхэм щыгъуазэу щытахэм я гум зэрилъынур, фIыкIэ куэдрэ и цIэ зэрыжаIэнур.

●Фэеплъ

ДЖУЛЬБЕР

Милицэм и подполковник, Май къалэм и федеральнэ судыщIэу щыта БИЧЭ Джульбер и фэеплъу

Къысхуэгъуэткъым псалъэ
пхуэфэщэну,
Ахэр псори зэуэ щэщэжащ...
ДыщIытетыр щIылъэм къысхуэмыщIэу,
ГъащIэм и пкъыр зэуэ зэфIэщIащ.

Зэкъуэхуауэ бынхэр тхаукIыкIыр,
Гъуанэдэуэу я псэхэр тфIыхах.
Жэщхэм фоч уэ макъхэр къыхэIукIыу,
Зырызыххэу куэбжэхэр тфIыIуах.

Согупсыс: къэхъуари къысхуэмыщIэ...
Армырами сыту дэ дымащIэ!
Зэзыуштыр хэт-тIэ ди щIэблэщIэр,
Махуэ къэс зэхашэу ди дыуэщIыр?

Зэкъуэхуауэ фоч бгъэуэныр куэдкъым,
Ар зэбгъапщэр хэтми ирещIыкI.
Зы унагъуэ ди адыгэ лъэпкъыу,
И къуэпс быдэр тIууэ зэгуещIыкI.

Шэр къикIам фочыпэм,
къигъэзэжкъым.
Хейрэ мысэу цIыхухэр зэхимыдз.
УщIегъуэжкIи гъащIэм
къыпищэжкъым,
ПщIыну щытми щхьэфэр лъэгурыдз.

Сэ уи гъащIэм фIыуэ ныхэсщIыкIырт...
Усабийуэ Iэблэм утесат.
Уи лъэбакъуэ пчым дыщыгуфIыкIыу,
ЩIалэ уардэу лъэпкъ укъыхэхъуат.

Уранабдзэт къуажэм, узыхэтым,
Хэти уэ ухуэхъурт чэнджэщэгъу.
Псэм и IэфIыр дэ ди щIэблэм епту
Хэпшт я лъагъуэ, ухъуу я ныбжьэгъу.

Ей, Джульбер, Джульбер,
жызоIэр уи цIэр...

ЖысIэ пэтми си псэм зимыгъэнщI.
Уэ пхуащIащ шхыныгъуэ
мы щIы фIыцIэр,
Ди дуней кхъузанэм сеухуэнщI.

СеухуэнщI, жысIэнур къысхуэмыщIэу,
Мэхъу ди гъащIэр пкъыуэ,
шамцIий-хъар,
Пхуэдэхэр яукIым, сыщIоупщIэ:
Хэт ихъумэфыну къытхуэнар?

Ди адыгэ лъэпкъыр хокIуэдэжыр,
Дэ чэзууэ дызэроукIыж.
Тхыдэ къуэпсым нобэ къыдэжахэр
Хамэм и бзэм хьэдэу тфIыщIелъхьэж.

ЩIэтлъхьэжащ аргуэру ди зы щIалэ,
Гъуанэдэуэу ари тфIаукIащ.
Дэтми тщIэркъым псалъэр тригъалэу
Ди дыуэщIым ар къэзыукIар.

Къытхуощыгъуэ дыгъэм
зигъэпщкIуауэ,
Уафэм и нэпс щIыIэр кърекIут.
Мазэ бзыгъэр жэщым хэкIуэдауэ,
СфIощIыр иригъэхьэу и Iумэт.

Бийм лъэкIакъым зэIухау и напэр,
Къыбдытеувэну щIакIуэ кIапэ.
Ди Тхьэ, къытегъахуэ уи нэлатыр,
ГъащIэр Iызыхам мы щIалэ нартым!

Къысхуэгъуэткъым псалъэ
пхуэфэщэну,
Ахэр псори зэуэ щэщэжащ...
ДыщIытетыр щIылъэм къысхуэмыщIэу,
ГъащIэм и пкъыр зэуэ зэфIэщIащ.

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ.
Бахъсэн район, Къэсейхьэблэ.

Гъэсэныгъэр япэ идогъэщ

Налшык къалэ УВД-м СледствэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм зэхагъэкI ялэжьа щIэпхъаджагъэхэм, хабзэр къызэрызэпаудам, нэгъуэщI цIыхухэр къыщIэтхьэусыхахэм теухуа Iуэхухэр. И кIэм нагъэсу прокуратурэм, судым ягъэхьахэр, абыхэм япкъ иткIэ жэуапым ирашэлIахэри щыIэщ.

IУЭХУХЭМущыхэплъэкIэ узыгъэпIейтей, жагъуэ пщыхьу щытыкIэхэми урохьэлIэ. Апхуэдэхэм ящыщщ З., ТI. сымэ И. кIэлъызэрахьа щIэпхъаджагъэм теухуар.

Къэхъуар щызэхагъэкIым наIуэ зэрыхъуамкIэ, лей зытехьа И. ПащIэм и уэрамым тет автомобиль тхьэщIыпIэм щылажьэ и ныбжьэгъу З. и деж кIуащ 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м сыхьэтыр 14-м. Лэжьыгъэ нэужьым, сыхьэт 22-м, ахэр «Аврора» кинотеатрым деж щыIэ скверымкIэ зыщаплъыхьыну яунэтIащ. Ахэр сыхьэти 3 хъуху тетIысхьэпIэм уэршэру тесащ. Иужьым, И. и псэупIэмкIэ яунэтIри, ар и закъуэ унэм щIыхьэжщ, зы сом мин къищтэри, «Централньэ» бэзэрымкIэ кIуахэщ.

Сыхьэти 5-м таксикIэ «Къуанч» кафем и гъунэгъу 4-нэ гуэлым нэсащ. Абыхэм тыкуэным пивэ, «Ягуар» фадэхэкI къыщащтэри ирафащ, гуэлым зыщагъэпскIащ. Иужьым, ТI. И. зыхуигъэзащ и бохъшэм иригъэплъыну икIи ар зэпиплъыхьри, иритыжащ. АрщхьэкIэ, щIегъуэжри, тыгъэ хуищIыну къыщыжриIэм, И. идакъым. Апхуэдэу щыхъум, ТI. бохъшэр къищтэри, абы дэлъа сом 500-р зэпитхъащ. Чэф хъуа ТI. псалъэмакъ къиIэтри, а тIур зыбжанэрэ зэпщэфыIащ, ауэ З. ахэр зэбгъэдишыжащ. ТI. и телефонымкIэ и цIыхугъэ таксистыр къриджэри, Хьэсэней лъэныкъуэкIэ яунэтIащ.

Гъуэгу здытетым ТI. рулым дэсым сэ кърыIыхри, ар И. и Iэпкълъэпкъым хиIуну мызэ-мытIэу хэтащ. Мыбдежми З. Iуэхур зэтриуIэфIэжащ. Ахэр мэз лъапэ щIыпIэм деж къыщыувыIэри, аргуэрыжьу зэныкъуэкъун щIадзэжати, аргуэру зэбгъэдашыжащ. АрщхьэкIэ ТI. увыIэртэкъым икIи И. лъэныкъуэкIэ Iуишри, яку къыдэхъуа псори ящыгъупщэжыну хуеймэ, къысхуэгъэгъу жиIэу лъэгуажьэмыщхьэу елъэIуну хуигъэуващ. Япэ щIыкIэ И. идакъым, ауэ щыхигъэзыхьым, апхуэдэуи ищIащ. И. лъэгуажьэмыщхьэу щыту гу лъызыта З. абы бгъэдэлъадэри, лъакъуэкIэ и нэкIум еуащ, иужьым, ТI. гъусэ хуэхъужри, тIуми И. IэкIи лъакъуэкIи яубэрэжьащ...

КIыхьщ а бзаджащIэхэм И. лейуэ трагъэхьа псори къебб жэкIыну. КIэщIу къэдгъэлъэгъуэнщи, абыхэм яубэрэжьа щIалэр багажникым ирадзащ, ящIыгъуу автомашинэм ирамыгъэтIысхьэн щхьэкIэ, ауэ рулым дэсым ар яхуидакъым. АдэкIэ ТI. И. жриIащ сом 1500-рэ яритмэ, езыми З.-и псори зыщагъэгъупщэжыну. Ауэ З. ар фIэмащIэу сом мини 3-м, иужьым сом мини 5 хуигъэкIуащ. Апхуэдэу къежьэри, щIалэр щытыкIэ зэхуэмыдэхэм ирагъэувэм, ягъэшынэурэ, и гъусэу псэу и къуэшым и гъэтIылъыгъэри щIыхуэу кърагъэщтари зэхэту сом мини 7, соми 150-рэ и уасэ и бгырыпхыр къыIэщIагъэкIащ.

Ухэзыгъэаплъэр, узыгъэпIейт ейр къэхъуам я закъуэкъым. БзаджащIитIым И. ахъшэр кърагъэгъуэтын мурадкIэ, а махуэм зыкъом зэщIагъэхьащ, лей зытехьар ягу къыпылъэдэху яубэрэжьащ. Къемызэгъыххэрщи, гъуэгурыкIуэхэм, езыхэм я лъакъуэхэм, вакъэхэм лъэгуажьэмыщхьэу ба хурагъэщIащ. ИкIэмикIэжым, щыгъын кърагъэщэхуну «Централньэ» бэзэрымкIэ яшэри, ахъшэ имыIэу щыжиIэм, З. И. епщэфыIащ. Мис абдежращ хабзэхъумэхэм щапэщIэхуар. Зи гугъу тщIа бзаджащIэхэм ятеухуауэ къаIэта уголовнэ Iуэхум ипкъ иткIэ, ахэр жэуапым ирашэлIащ.

Къыхэзгъэщыну сызыхуейхэм ящыщщ, псом япэрауэ, а лейзехьэхэм ялэжьыр, езыхэм я ныбжь щIалэр зэрагъэпудыр зылъэгъуа цIыхухэр зыри жамыIэу, гущIыIэу зэрыблэкIар, ах эр къызэрызэтрамыгъэ увыIар. ЕтIуанэу, цIыхугъэмрэ хабзэмрэ ижь ижьыж лъандэрэ къыздекIуэкI ди лъэпкъхэм (бзаджащIэхэм зыр адыгэщ, адрейр балъкъэрщ) къахэкIахэм урыс щIалэм апхуэдиз лей зэрытрагъэхьарщ.

Лъэпкъ зэхэгъэж щыIэныр къеззэгъыркъым. Дэтхэнэми езым и тхыдэ, и дин иIэжщ. Мы зэман гугъум щIалэгъуалэр къэгъэтэджын хуейщ я гур зэIухауэ, фIым хуэпабгъэу. Псом япэу гъэсэныгъэр къыщежьэр унагъуэрщ, адэкIэ къыщыпещэ школхэм, къэзыухъуреихь, зыхэт гупми куэд елъытащ. Дыхуейт адэ-анэхэм ар зыщамыгъэгъупщэну, я сабийр здэщыIэр, ар дэзыхьэхыр, и ныбжьэгъухэр хэт ми зрагъэщIэну, я нэIэ тетыну. Лейр зэи къыпщIэкIуэнукъым, зэ мыхъуми ар къыппекIуэкIыжынущ.

КъэкIуэнум фIыкIэ дыщыгугъмэ, ар зейуэ къэтлъытэ щIэблэм ущие дахэ, гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ. Куэдым кризис щытыкIэ гугъур, зэманыр къазэремэщIэкIыр, зэрыпсэун къалэжьын зэрыхуейр тегъэщIапIэ ящI. Нэхъыщхьэр уэсэпсу кIуэдыжыну мылъкуркъым, атIэ цIыхугъэрщ, хабзэрщ, нэмысырщ, пщIэрщ.

ПРИЙ Маринэ,
Налшык къалэ УВД-м СледствэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэ.

●КъБР-м щыIэ и МВД-м

ДыгъуакIуэхэр яубыд

Аруан районым щыIэ ОВД-м и лэжьакIуэхэм яубыдащ IэщышхуэзыдыгъуагупАпхуэдэ щIэпхъаджагъэ зэкIэлъхьэужьу ялэжьати, къаIэрыхьа хъыбарым ипкъ иткIэ, дыгъуакIуэхэр къэзыхутэну хабзэхъумэ гуп хэхам ар къалэн щащIащ.

ЖЭПУ ЭГЪУЭМ и 8-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм, милицэм и участковэ инспекторхэмрэ лъыхъуакIуэ гупымрэ Нарткъалэ-Шэрэдж Ищхъэрэ автотранспорт гъуэгум и ижьырабгъумкIэ мэзылъэм «Газе ль» автомашинэ щаубыдащ. Абы къыщагъуэтащ Псынабэ губгъуэм къыщадыгъуа жэмиплIыр, езы щIэпхъаджащIэхэри. Яубыдахэм, хэгъэзыхь щымыIэу, ялэжьамкIэ зау мысыжащ. Етхуанэ IэщышхуэржыгымепхауэкъагъуэтыжащДыгъуакIуэхэм ящыщу тIур Нарткъалэ, ещанэр Старэ Шэрэдж къуажэм щыщхэщ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Махуищ фIэкIа имыIэжу

ГЪЭМАХУЭПЭ уэфI дахэт, зыкъизыхт, псоми закъыдищIу дыгъэри псэгъэтыншу и бзий нурыбэмкIэ щIылъэм къетэрт. ЦIыхубз хэкIуэтам зауэлI фащэ екIур балконым кърехьэри, кIапсэм фIедзэ. ЗэрыиныIуэр е зэрытеплъафIэр арагъэнт, пщIантIэм щызекIуэхэм я нэм кителыр занщIэу къыIуидзэрт. И гъунэгъу цIыхубзыр щIоупщIэ:

- Верэ, мыр зи фащэр хэт? Фи Магомет дежкIэ иныIуэщ.

- Пэжщ, иджы зыми зэрихьэжкъым. Нобэ дэнэ къиплыхьын ар зейуэ щыта Совет Союзым и Маршал Батицкэм хуэдэхэр.

- ГъэщIэгъуэныр къызжепIай! АтIэ, мы фэеплъ лъапIэр дауэ къыфIэрыхьэнкIэ хъуа?

- Магометрэ сэрэ Хэку зауэшхуэм щызэпытча гъуэгуанэ кIэухыншэми хуэдэу, абыи тхыдэ кIыхь иIэщ. Совет Союзым и Маршал щыхъуами, къэралым и ПВО-м и дзэхэм я унафэщI нэхъыщхьэу щагъэувами, балъкъэр лъэпкъыр хэкум щрагъэкIами Батицкий Павел и адъютанту щытар зыщигъэгъупщакъым. А зэман хьэлъэм зыкъыщIигъэкъуащ, зэрыхъукIэ къыдэIэпыкъуащ. Пэжыр жыпIэмэ, а лIыр Кучуков Магомет и теплъэу къагъэзэжа нэужь, абы Кучуков Магомет иригъэблэгъащ, къигъэхьэщIащ, къыщригъэжьэжым мы кителыр тыгъэ къыхуищIащ.

- Ар къыщыхъуар Ищхъэрэ-КъуэкIыпIэ фронтырщ, Старая Руссэ къалэм деж зэхэуэ гуащIэ щекIуэкIым щыгъуэщ. 1941 гъэм шыщхьэIум и 8-м штабым и унафэщIу къулыкъу щысщIэ дзэ техникэ хьэлъэр зыщIигъу 202-нэ фочауэ дивизэм и кIэлъыплъыпIэм сыщыIэт. ЩытыкIэр икъукIэ хьэлъэт - лъэсыдзэрэ танкIэ къыдэбзкI бийр зэпымыуу къаруушхуэкIэ къыдэбгъэрыкIуэрт. Гъавэ щIапIэ губгъуэшхуэм зэхэуэр щызэщIэплъэрт, ди дзэхэм ящыщ зыбжанэм запытщIэжыфыртэкъым. КIэлъыплъыпIэм сыздытетым, Тулебля къуажэмкIэ къикIыу зы фIыцIагъэ цIыкIу къытхуэкIуэу къызолагъу. Сеплъы Iуэмэ, щхьэмыгъазэу къытхуэжэр ди зауэлIт. Зэми джалэрт, псынщIэу къыщылъэтыжырти, гранатэр фашистхэм яриутIыпщырт, автоматышэр ятригъэлъалъэрт. А зауэлI хъыжьэр бетэмалу къызэрелар нобэр къыздэсым сфIэтелъыджэщ. Къелам и мызакъуэу, тIасхъэщIэх батальоным и командирым и хъыбарыр къытхуихьат,- итхыжыгъащ маршалым адъютантым теухуауэ. - Си пащхьэм къитт щIалэ къамылыфэ нэкIущхьэплъ зэIэщIэлъыр. Кавказым зэрыщыщыр бэнт, мопхуэдиз къэзыжам пщIэнтIэпсыр ирикъуэкIыу и нэ фIыцIэхэр къилыдыкIыу пыгуфIыкIыр. Ар Кучуков Магомет Шэбэз и къуэрт. ЗауэлI жыджэрыр икIи щхьэмыгъазэр занщIэу си гум дыхьащ икIи япэ щIыкIэ си Iуэхутхьэбзащ Iэ, иужькIэ си адъютант хъуащ. Магомет Кавказым и къуэ пэжт, хахуэт, ныбжьэгъуфIт...

Зэхэуэ гуащIэ нэужьым, Кучуковым щIыунэм зыщрегъэщI. И нэхэр зэтелъми, жейр къыхуэкIуэркъым. И гупсысэхэм и адэжь лъахэм къыщакIухь, и блэкIахэм хашэж. И нэгум щызэфIоувэж мэлыхъуэ щIэныгъэншэ Кучуков Шэбэз и унагъуэм къыщыхъуа щIалэщIэр артист IэщIагъэм щIэхъуэпсу, Кулиев Къайсынрэ адрей и ныбжьэгъухэмрэ ящIыгъуу абы куэдрэ тепсэлъыхьу зэрыщытар. Луначарскэм и цIэр зезыхьэ театр гъуазджэмкIэ къэрал институтым щIэтIысхьэну тезыгъэгушхуари Къайсынт. ИкIи 1940 гъэм и гъатхэм ГИТИС-р къэзыуха щIалэ жыджэрхэм я фIыгъэкIэ, Налшык къалэм адыгэ, балъкъэр лъэпкъ театрхэр къыщызэIуахат...

Латвием и къуажэ гуэрым и Iэшэлъашэм ди дзэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр къыщызэтрагъэувыIат. Члисэм и пкIэунэм зыщызыгъэбыда фашистхэм я пулеметхэм ди зауэлIхэм я щхьэр къаригъэIэтыртэкъым. Ахэр икIэщIыпIэкIэ зэхэкъутэн хуейт. Совет Союзым и ЛIыхъужь майор Кожуровым а къалэн гугъур Кучуковымрэ Осокин Александррэ къалэн ящещI. Биишэр къаэрытелъалъэм къимыгъэдзыхэу, ди зауэлIхэр члисэм йопщылIэ, къыпакIухьри, унащхьэм къащапэтIыса нэмыцэ пулеметгъауитIыр Iуах.

ПсэзэпылъхьэпIэ Iэджэм къихутащ Кучуковыр. Ар щхьэмыгъазэу яхэтащ Украинэмрэ Белоруссиемрэ хуит къэзыщIыжахэм, Днепр, Буг Ипщэ, Днестр, Прут псыхэм зэпрыкIахэм, Черкассы, Корсунь-Шевченковскэ, Умань, Бобруйск, Слуцк къалэхэр къэзыщтэжахэм, КъуэкIыпIэ Пруссием биидзэр щызэтезыкъутахэм, Прагэрэ Берлинрэ ебгъэрыкIуахэм. Къигъэлъэгъуа лIыгъэм къыпэкIуэу абы къыхуагъэфэщащ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, Хэку зауэшхуэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, медалхэр.

Ди лъэпкъыр хамэ щIыпIэ щыщыIам апхуэдэ Iэмал имыгъуэтами, къагъэзэжу балъкъэр театрыр къызэIуахыжа нэужь, фIыуэ илъагъу IэщIагъэм и гъащIэ псор хуигъэпсащ Кучуковым. ГушыIэ ролхэм къахуигъэщIауэ жаIэми, адрейхэри гъуэзэджэу къехъулIэрт. ЕхъулIэныгъэшхуэ иIэу ар щыджэгуащ балъкъэр тхакIуэхэу Боташев Исса, Маммеев Ибрэхьим, Токумаев Жэхьфар, Теппеев Алим, Жантуев Исса, совет, урыс, нэгъуэщI къэрал драматургхэм я псэсэхэм къытращIыкIа спектаклхэм. ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъукIэ абы игъэбжыфIащ Кулиевым и цIэр зезыхьэ балъкъэр драмэ театрым и сценэр, и дэтхэнэ образри гукъинэжт, цIыхухэр гуапэу зылущIэт, зэпымыуэ зыпэплъэт. Ди артистхэм щIэх-щIэхыурэ зыкъыщагъэлъагъуэ Къэрэшей-Шэрджэсми Дагъыстанми фIыуэ къыщалъагъурт, и зэфIэкIым пщIэшхуэ къыщыхуащIырт. Магомет и илъэс 80 юбилейр щагъэлъапIэм, а республикэхэм я лIыкIуэхэри къытхуеблэгъат. Балъкъэр театрым и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Кучуковым хузэхаша пшыхьыр лъэпкъ гъуазджэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я гуфIэгъуэ зэхыхьэ хъуат.

КъызэринэкIа лэжьыгъэшхуэм хуэфащэ пщIэ игъуэтащ - абы къыфIащащ РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ я цIыхубэ артист цIэ лъапIэхэр, республикэм и Къэрал саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

И ныбжьыр илъэс 88-рэ ирикъуным махуищ фIэкIа имыIэжу, зауэлI хахуэр икIи актер гъуэзэджэр 2006 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м дунейм ехыжащ.

ЗАНКИШИЕВ Хъусейн.

●ТекIуэныгъэ-65

Кучуков Магомет

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Гупсысэ пэжхэр

Жэнэтыр зи унапIэр

◆Къыпщыхъумрэ къыпфIэщIымрэ зэи Iуэху тумыщIыхь.
◆Укъэзыухъуреихь цIыхухэр фIыуэ пхуэмылъагъумэ, дунейм и IэфIагъыр къыпхуэщIэнукъым.
◆Благъэжьым и пащхьэм благъэщIэр щумыгъэпIий.
◆Дунейм ехыжам и цIэр куэдрэ фIыкIэ къраIуэмэ, ар иджыри псэу пэлъытэщ.
◆Зыхуэмыфащэм хуэпщIа Iуэхутхьэбзэр зэи къыпхуигъэгъунукъым.
◆Жэнэтыр зи унапIэр адэ-анэм я псалъэр тIу зымыщIырщ.
◆НапитI зиIэм и етIуанэ напэр къыщIигъэща нэужь, лъагъугъуей мэхъу.
◆ЦIыхуитIым я къуаншагъэ-захуагъэр пхузэхэгъэкIынукъым ещанэм уемыупщIауэ.
◆Бэдж здэщыIэм бэджыхъи щыIэщи, бзаджэнаджэ здэщыIэм бэлыхьи щыкуэдщ.
◆ЗэгурыIуэрэ пщIэрэ зи зэхуаку дэлъ зэщхьэгъусэхэр лъагъуныгъэм тепсэлъыхьыркъым.
◆НасыпыфIагъыми насыпыншагъэми зэ кIэ ягъуэт.
◆Мэзауэ гъусэншэу умыкIуэ, Губгъуэ нэщIым уи закъуэу уимыхьэ.
◆Адэ-анэр унагъуэм и псыпэщ, абыхэм хаша псыгъуэгурщ бынхэр зрикIуэр.

КIУРАШЫН Алий.
ХьэтIохъущыкъуей къуажэ.

●ЕджакIуэхэм папщIэ

Нарт эпосым и сценарий

Сценарийр зэхэзылъхьам къыбгъэдэкIыу

Курыт еджапIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэ нэхъыщхьэм - цIыкIухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным - къыдэкIуэу гулъытэ нэхъыбэ хуащI къыдэкIуэтей щIэблэр къызыхэкIам хуэфащэу гъэсэным.

Абы и лъэныкъуэкIэ хуабжьу сэбэпынагъ ин пылъщ адыгэхэр къызытехъукIыжа Нартхэм я дунейм щIэблэр хэшэным, фIымрэ Iеймрэ я зэхуаку къыдэхъуэ бэнэныгъэм щыгъэгъуэзэным. Абы ипкъ иткIэ, Нарт эпосым щыщ Iыхьэхэр куэдрэ щагъэувын хуейщ мэхъу школ утыкухэм.

ЕгъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми защIэдгъэкъуэн мурадкIэ, зэхэтлъхьа сценарийр Iыхьэ-Iыхьэурэ фи пащхьэ итлъхьэнур тфIэигъуэщ.

Нартхэм я дунейр, гъащIэр школ утыкум щыбгъэлъэгъуэн папщIэ, а лъэхъэнэм щыIа фащэхэр актер ныбжьыщIэхэм ящымыгъми хъуну къызолъытэ. Iуэхур зытещIыхьар гъэсэныгъэр арауэ щыщыткIэ, фащэр зыхуэдэм мыхьэнэшхуэ иIэкъым, нэхъыщхьэр цIыхум и дуней тетыкIэмрэ гупсысэкIэмрэщи, мис ахэр къызэрагъэлъэгъуэнум нэхъ егугъун хуейщ.

КЪАЛМЫКЪ Адпан.

Псалъащхьэхэр:

1. Сосрыкъуэ къызэралъхуар.
2. Сосрыкъуэ и джатэмрэ и шымрэ.
3. Тхьэхэм я санахуэбжьэр.
4. Сосрыкъуэрэ Емынэжьрэ.
5. Сосрыкъуэ Нарт Хасэм япэ зэрыкIуауэ щытар.
6. Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьыжар.
7. Сосрыкъуэ Бэдэху къызэришар.
8. Сосрыкъуэрэ Тотрэшрэ.
9. Сосрыкъуэ бжьэ къыщIратар.
10. Сосрыкъуэ Iэдииху зэрыхуэзар.
11. Сосрыкъуэ зэраукIар.

Сосрыкъуэ къызэралъхуар

Сценэм зы хъыджэбзрэ зы щIалэрэ итщ. А тIур жыг щIагъ жьауэм щIэтхэщ, зэгуэкIуауэ зопсалъэ, зодэхащIэ. Абыхэм къапсэлъыр щIэсхэм зэхахыркъым. А тIуми я фащэр иджырейщ. ЩIалэм кIэстум зэфIэт щыгъщ, и джанэ хужьым галстук екIу дэлъщ, и вакъэ фIыцIэри гъэцIуауащ, и щхьэцыр дэжьеящ. Езыр щIалэ къуданщ, хьэлкIэ зэпIэзэрытщ, ину псалъэркъым, къилъэлъуи дыхьэшхыркъым.

Хъыджэбзри апхуэдэщ: щыгъыр цIуугъэнэкъым, ауэ зэмыфэгъу зэдекIущ, и щхьэцыр кIыхьщ, и нэкIум сэхусэплъ егъэлея кIэрылъкъым.

ТIури сценэм зэритыр дакъикъэ зытIущщ. Пьесэм и кIэухым а тIум сабий цIыкIу яIыгъыу, ягъэджэгуу, щыгуфIыкIхэу сценэм къохьэж.

Хэтхэр:

ЩIалэ.
Хъыджэбз.
Сэтэней *(ЦIыхубз фащэ екIу зыщыгъ хъыджэбзщ).*
Нартхэ я Iэхъуэр.
Лъэпщ *(ГъукIэлI фащэ щыгъщ).*
Бырымбыху *(Сэтэней нэхърэ нэхъ зыIэщIэлъщ, ябгафэ тетщ).*

Сценэм гъатхэ теплъэ иIэщ: и хъуреягъыр щхъуантIагъэщ, жыг щхьэкIэхэм бзухэр щобзэрабзэ, щIылъэр накъыгъэ зэмыфэгъухэмкIэ хуэпащ...

Сэтэней жьыщIыгъэ иредз. Нартхэм я Iэхъуэр адэкIэ къыщытщ, и башым зытригъэщIауэ. Ар Сэтэней йоплъакIуэ.

Iэхъуэм: Уей, Сэтэней дахэу, дахэу щыIэм памыщIыж, зэ си дежкIэ къаплъэт! *(Сэтэней маплъэ).*

Iэхъуэм: Ей, Сэтэней дахэу, дахэу щыIэм я лей! Уэ уи Iущагъым лIыхэр еущий! *(Мывэм тетIысхьа Сэтэней Iэхъуэр къыщыIухьэкIэ, къотэдж).*

Iэхъуэм: Дыгъэ бзий!
Сэтэней: Ар къухьэ-къуэкIщ.
Iэхъуэм: Мазэ из!
Сэтэней: Щынықъуи къохъу.
Iэхъуэм: Ситу удахэ!
Сэтэней: Къыпщохъу.
Iэхъуэм: ГъащIэр къызэрыпщыхьущ, дахэ!
Сэтэней: АтIэ, сыкъызыщыгъэхъу.
Iэхъуэм: Уи набдзэпэхэм сытежеихьынт.
Сэтэней: Уашэчынкъым.
Iэхъуэм: Сыкъехуэхмэ, уи гуэл щхъуантIэм сыхэхуэнт.
Сэтэней: Ар куущ.
Iэхъуэм: Серсынщ.
Сэтэней: Уитхьэлэнщ.
Iэхъуэм: Хьэуэ, сызыщIэпшэнщ.
Сэтэней: Уи мэлыр-щэ?
Iэхъуэм: Сэтэней!
Сэтэней: Сыт, щIалэфI?
Iэхъуэм: Сыптхьэкъуащ.
Сэтэней: Согувэ, сыкIуэжын хуейщ.
Iэхъуэм: Сыкъыумыгъанэ.
Сэтэней: Мыр си фэеплъщ, зехьэ. *(И пщэм дэлъ IэлъэщIыр къыдехри, ирет).*
Iэхъуэм: Мыр си фэеплъу къащтэ. *(И жыпым йоIэбэ, мывэ кIанэ кърехри, кърет).*

Сценэр кIыфI мэхъу, нэху мэхъужри, щыплъагъур пэш кIуэцIщ. Абы Сэтэней щIэтщ, Iэуэлъауэ щызэхиххIэ, жьэгумкIэ маплъэ, Iэхъуэм кърита уэ щыта мывэр куэнсапIэм хилъхьауэ щытащи.

Сэтэней: Мыр сыт гъэщIэгъуэн? Мы Iэуэлъауэр сыту пIэрэ? *(Ахэр жиIэурэ зеплъыхь. Мывэм бгъэдыхьэм, Iэуэлъауэр нэхъ ин мэхъу, къыбгъэдэкIуэтыжмэ, мэужьыхыж).*

Сэтэней: Мыр сыт гъэщIэгъуэн? *(Сэтэней и тхьэкIумэр мывэм Iуелъхьэ. Мывэр нэхъ ин хъурт, и кIуэцIыр къавэрт, а макъыр щIэсхэми зэхах. Ар щилъагъум, Сэтэней мывэм цы Iуданэ кърищэкIащ. Ар махуищкIэ пIейтейуэ щIэсащ пэшым. Мывэм нэхъ гъунэгъу щыхуэхъукIэ, Iэуэлъауэр нэхъ ин хъурт, жыжьэ зэрыхъуу макъыр нэхъ кIащхъэ хъужырт. А теплъэгъуэр екIуэкIыхукIэ сценэм дыгъэр щэ къыщыкъуокI, щыкъуохьэж.*

Махуищ докIри, мывэм иришэкIауэ щыта цы Iуданэр зэпычауэ елъагъу).

Сэтэней: Псатхьэу си махуэ! *(Ар жиIэри, куэнсапIэм хэлъа мывэр къыхихыжри, жьэгум и хуабапIэм дилъхьащ).*

Сэтэней: Мыдеж щрелъ мазибгъурэ махуиблкIэ.

(А пIалъэр кIуэху, мывэр иныш хуэ хъуат, къавэрт, жьэражьэт. Сэтэней Лъэпщ деж мажэ).

Сценэр кIыфI мэхъу, нэху мэхъужри: кIыщ теплъэщ, уадэри, Iэдэри, пэрIэмбэри, сыджри щIэлъщ, Лъэпщи абы щIэтщ.

Сэтэней: ГъущIытхьэ Лъэпщу ди дадэ!
Лъэпщ: Къеблагъэ, Сэтэней дахэ!
Сэтэней: Дзыхь пхуэсщI хъуну, Лъэпщ?
Лъэпщ: Сэ дзыхь къысхуамыщIым, зыщIыр симыIэдэм, уадэр си мыIэщэм, щхьэ дунейм сытет?!
Сэтэней: Сэ, зыми имыIауэ Iуэхушхуэ сиIэщ, ар жыпIэнкIэ фIэщхъуныджэщ, жумыIэнкIи игъуэджэщ. Дауэ хъун, сытыр сщIэн?
Лъэпщ: Iэу, упщIэ щIэщхъуркъым, щIэщхъу щIэнэркъым, дыемыкIуншэщ. ЖыIэ сыт къэхъуами. Сэ сыхьэзырщ сыбдэIэпыкъуну!
Сэтэней: НэкIэ уэзгъэлъагъуфынум си жьэр щхьэ тезгъэукIытыхьын хуей? НакIуэ си гъусэуи уэзгъэлъагъунщ телъыджащэ!
Лъэпщ: НакIуэ, жыпIэмэ сыхьэзырщ. ЛIы и жыIэ еблэжыркъым, лIы и псалъэ къутэжыркъым.

Сценэр кIыфI мэхъу, нэху мэхъужри: Сэтэней и пэшращ. Лъэпщ и Iэдэуадэр иIыгъщ, Сэтэней абы бгъурытщ. Жьэгум жьэражьэу дэлъ мывэр щилъагъум, Лъэпщ жеIэ:

Лъэпщ: Iэу, мыр сыт?! Сэ си ныбжьым Iэджэ слъэгъуащ, Iэджи зэхэсхащ, ауэ мыпхуэдэ слъэгъуакъым, жаIэуи зэхэсхакъым. Уащхъуэ, мыр сыту телъыджэ!

Лъэпщ и уадэмкIэ мывэм еуэу щIидзащ, зэгуиуду и кIуэцIым илъым еплъыну…

Лъэпщ зэгуиуда мывэм сабий къыдэхуащ. Сэтэней а сабийм щепхъуэм, и Iэр щIисыкIри, IэщIэхуащ, и куэщI зэрыхуари пхисыкIри, сабийр щIым техуащ. Абы хъуаскIэр къыхэлъэлъырт, гъуэзыр пщтыру къыщхьэщихырт. Лъэпщ сабийм и куэпкъитIыр Iэдэ лъэщкIэ зэщIиубыдэри, кхъуэ щыным ит псым блэнейрэ хищIащ. Сабийр апхуэдизкIэ пщтырти, ар псым хищIэху, псыр къэкъуалъэрт. Сабийр Сэтэней къеццтэ, егъэгъущ, ехуапэ, йодэхащIэ, доджэгу, уэрэд жреIэ:

Сэтэней:
Сос, сос,сос.
Сос зэхуакум къыдэкIа,
Лъэпщ блэнейрэ ипсыхьа.
Сос, сос, Сосрыкъуэ,
Дыгъэр уи щхьэм
къыщхьэщытщ,
Вагъуэр изу уи Iэм ильщ,
Адрей уи Iэм мазэр исщ.
Сос, сос, Сосрыкъуэ.
Сос зэхуакум къыдэкIа,
Лъэпщ блэнейрэ ипсыхьа.
Сос, сос, сос...

Сабийр игъэджэгухукIэ, Лъэпщ и Iэмэпсымэхэр зэщIекъуэжри, щIокIыж.

И сабийр игъэджэгуу здэщысым, Бырымбыху къыщIохьэ икIи щIокIие.

Бырымбыху: УдэмыкIуауэ мы сабийр къыздипхар дэнэ?
Сэтэней: Мыр си мылъхукъуэщ, къалъхухэм яхуэмыдэщ. Апхуэдэкъуэ уиIатэмэ, дауи, зыплIэжынтэкъым.
Бырымбыху: Ар уи мылъхукъуэм уи унэ щхьэ щIэс, уи бгъэм щхьэ щIэлъ?
Сэтэней: Мыр къэзылъхуар мывэщ, зыгъэпсар Лъэпщщ. Сос мывэм къыдахати, «Сосрыкъуэ» фIэтщащ.

(Сосрыкъуэ жьэгум дэсщ, дэпым ироджэгури).

Бырымбыху: Мыр емынэ щылъхущ, лIыджэ гъэкIуэдщ, ди кIуэдыпIэ лъыхъуэщ. Мыбы и къэхъугъэр куэдым кIуэдыжыгъуэ яхуэхъункIэ, Уащхъуэ, мыващхъуэ. Ар сэ си тхьэрыIуэщ! *(Ар жиIэри Бырымбыху щIэкIыжащ).*

Сэтэней мыгъыбзэу икIи мыуэрэду, и щхьэ хуэпсэлъэж щIыкIэу мыхэр жеIэ:

Сэтэней:
Iэхъуэ щIасэу
губгъуэм ит,
Уащхъуэ и мывэу уэ
къызэптар
Си кIуэцIыкIым
щысхъумэнут,
Хуабэу, щабэу изгъэсынут,
Жейуэ гъащIэр
езгъэхьынут,
Iэуэлъауэм щысхъумэнути,
Псатхьэу си псэр зыпсыхьам
Къысхуидакъым.
Мывэ джейми псы ирифмэ,
Зигъэхъейуэ псэ ныхохьэ,
Псэм и джэным псэ егъазэ.
Лъэпщ а джакIуэр зэхихати,
Ныбэ кIуэцIым лэныстэбзкIэ
кърихащ.
(ТIэкIу мэщымри).

Ас, мыгъуэ, «кIуэцIрыкъуэ» - жаIэнщи, си къуэм дзы къыфIащынщ.

(КъыкIэлъыкIуэнущ.)

Дахагъэ

КОЗЛОВ Сергей

Псысэ

ПСОРИ Я ГЪУЭ хуабэхэм итIысхьэжауэ щIымахуэм ежьэу, зыри зыпэмыплъа жьы хуабэ къыкъуэуащ. Абы и ІэплIэр гуапэу къызэIуихри, мэзыр къызэщIэушэжащ.

Дыгъэм и бзий хуабэхэм зрагъэуну бэдж цIыкIухэр къежьащ, жеижа хьэндыркъуакъуэхэр къэушыжащ. ТхьэкIумэкIыхьыр жыг лъэдакъэм тетIысхьэри, и тхьэкIумэхэр игъэкIащ. Цыжьбанэ цIыкIумрэ Мыщэ шырымрэ зэкIэ ящIэнур ящIэртэкъым.

- НакIуэ, къудамэхэр зэхуэтхьэсынщ, - жиIащ Мыщэ шырым. - Къудамэ пцIанэхэр. Язынықъуэхэм зы тхьэмпэ е тхьэмпитI япыту. Ар сытым хуэдэу дахэ!

- АбыкIэ сыт тщIэнур?

- Унэм щIэдгъэувэнущ. КъудамитIщы, къыбгурыIуэрэ? - жиIащ Мыщэ шырым. - Куэд хъумэ, ахэр ауэ сытми къудамэ къудейщ, ауэ мащIэмэ...

- НакIуэ, - арэзы хъуащ Цыжьбанэ цIыкIур.

Арати абыхэм къудамэ дахэ цIыкIухэр зэхуахьэсри, Мыщэ шырым и унэмкIэ яунэтIащ.

- Сыт мы жыхапхъэр зэрыфщIынур? - къеупщIащ абыхэм ТхьэкIумэкIыхьыр.

- Мыр жыхапхъэкъым, - жиIащ Цыжьбанэ цIыкIум. - Мыр дахагъэщ! Плъагъуркъэ?

- Дахагъэщ жыпIа? Дауэ мыпхуэдизыр зэрыдахэр? - жеIэ ТхьэкIумэкIыхьым. - Ар щыдахэр щымащIэм дежщ. Мыхэр куэдыжь мэхъу.

- Ар иджыпсту къыпщыхъуу арaщ, - жиIащ Мыщэ шырым. - ЩIымахуэм деж ди унэ кIуэцIхэр а къудамэхэм ягъэдэхэнущ.

- Фэ мы жыхапхъэр фи унэм фхьыну ара?

- НтIэ, - жиIащ Цыжьбанэ цIыкIум. - Уэри, ТхьэкIумэкIыхь, къащти здэхь.

- Сэ делэ сыхъуа мыхэр си унэ схьыну? - игъэщIэгъуащ ТхьэкIумэкIыхьым.

- Мэзым сыщыпсэууэ - къудамэ пцIанэхэр...

- Уэ зыгурыгъаIуэ, - жиIащ Мыщэ шырым. - КъудамитI-щы къэпщтэнщи, кхъуэщыным ибгъэувэнщ.

- Мыщэхупщей нэхъыфIщ, - жиIащ ТхьэкIумэкIыхьым.

- Мыщэхупщейри Iэмал имыIэу. Ауэ къудамэхэр нэхъ дахэжщ.

- Дэнэ фэ ахэр щывгъэувынур? - щIэупщIащ ТхьэкIумэкIыхьыр.

- Щхьэгъубжащхьэм, - жиIащ Цыжьбанэ цIыкIум. - Уафэри тлъагъуу щхьэгъубжащхьэм тетынущ.

- Уэ-щэ? - еупщIащ ТхьэкIумэкIыхьыр Мыщэ шырым.

- Сэри - щхьэгъубжащхьэм. Хэт къакIуэми, ар зэрилъагъуу гуфIэнущ.

- Сэ сщIат ар, - жиIащ ТхьэкIумэкIыхьым. - Къуаргъыр захуэу къыщIэкIащ. Абы нышэдибэ жиIат: «Бжьыхьэм мэзым хуабэ щыхъумэ, зыкъомым я щхьэм бжьэ йоуэ». Фэ ара къыфщыщIар?

Цыжьбанэ цIыкIумрэ Мыщэ шырымрэ зэплъыжащ, итIанэ тIури ТхьэкIумэкIыхьым еплъащ. Мыщэ шырым ТхьэкIумэкIыхьым жреIэ:

- Уделэщ уэ, ТхьэкIумэкIыхь. А къуаргъри делэщ. Уи щхьэм бжьэ еуауэ ара тхьэмпэ зы-тIу зыпыт къудамэ цIыкIухэмкIэ щIымахуэм унэ кIуэцIыр бгъэщIэрэщIэну мурад пщIамэ?

ЗэзыдзэкIар
МОЛЕЙ ФатIимэщ.

●Гу зылъытапхъэ

●ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Фейдэ зыхэлъ Iуэхум хуэIэрыхуэщ

Зи зэфIэкIым щытхъужхэр дыхьэшхэн мэхъу, ауэ ар къызыфIэмыIуэхухэри акъылыншэщ.
ЧЕСТЕРФИЛД Филипп,
инджылыз къэрал лэжьакIуэ, тхакIуэ.

ГъащIэм акъыл къыхэзымыхыфыр зы егъэджакIуи хуегъэджэнукъым.
РУДАКИ Абулхьэсэн,
перс-таджик усакIуэ.

ЦIыхум нэхъыщхьэ дыдэу бгъэдэлъыр акъылымрэ гупсысэмрэщ.
ПЛУТАРХ,
алыдж философ, тхакIуэ.

КъаруухфIэу ущытыныр фIыщ, ауэ акъылыфIэу ущытыныр тIукIэ нэхъыфIщ.
КРЫЛОВ Иван,
урыс тхакIуэ.

И фейдэ зыхэлъ сыт хуэдэ Iуэхуми хуэIэрыхуэщ цIыхур.
ПЛАВТ,
урым комедиограф.

● Псалъэжьхэр

Лъагъуныгъэм шынэ ищIэркъым

●ФIыуэ плъагъур лъагъугъуафIэщ.
Адыгэ.
●Лъагъуныгъэ здэщымыIэм гурыфIыгъуи щыIэкъым.
Абазэ.
●Лъагъуныгъэм ныкъусаныгъэ куэд егъэпщкIу.
Абхъаз.
●Лъагъуныгъэ пэжым шынэ ищIэркъым.
Шапсыгъ.
●Гуапагъэм и уасэр зыщIэр цIыху гуапэрщ.
Авар.
●Анэм и губжьыр уэсым хуэдэщ - куэду къесми, щIэх мэткIуж.
Ингуш.

● IэзэкIэхэр

Лъэджажэр иривгъэхъуж

Лъэджажэ узыфэм (пяточные шпоры) сэбэп хуэхъунущ мэжджытжыгыр (сирень). А жыгым и къудамэр цIыкIу-цIыкIуу зэпыфщIыкI, итIанэ ар псым хэфлъхьи, къэвгъэкъуалъэ. Гъэмахуэм тхьэмпэхэр зэрыпыту къывогъэсэбэп, щIымахуэмэ, тхьэмпэншэми хъунущ.

Фхуэшэчынум хуэдиз хуабагъ зиIэ псым фи лъакъуэр хывогъэувэри, упщIыIужыхукIэ хывогъэт. Махуэ зыбжанэм къриубыдэу фи узыфэр абы дэкIуэдынущ.

Псом нэхъръэ...

♦ХьэщIэщ нэхъ лъагэ дыдэу къалъытэр Сингапур дэт «Уэстин Стэмфорд» жыхуиIэрщ. Ар къат 73-уэ зэтетщ, и лъагагъыр метр 226,1-рэ мэхъу. А хьэщIэщыр щаухуар 1985 гъэращ. Уасэу абы хуагъэуващ доллар мелуан 235-рэ.
♦Мэжджыт нэхъ ин дыдэ здэщыIэр Пакистаныращ. Абы еубыд гектар 18,97-рэ. Тхьэ щелъэIу пэшым хухахащ гектар 0,48-рэ. А пэшым щIохуэ цIыху мини 100.
♦Лъэмыж нэхъ кIыхь дыдэр Мандевиллрэ Метэррэ (США) зэпищIэу Понтчартрейн псым телъырщ. Абы и кIыхьагъыр метр 38422-рэ мэхъу. Лъэмыжыр тралъхьащ 1969 гъэм.
КЪЭБАРТ Мирэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **6.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ, Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и артисткэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ. *(Сурэтым)*. **7.** Зыгуэрым фIыгъуэ, насыпышхуэ къеуэлIэну зэрыхуэупсэ псалъэ. **8.** Адыгэ мазэцIэ. **11.** Iэдэм и щхьэгъусэ, Дунейм цIыхуу тетым я анэ. **12.** Къэрэгъэш щалъхуа адыгэ усакIуэ. **14.** Хывым нэгъуэщIу зэреджэр. **15.** Зэрыша ныбжьыщIэхэм я пэш. **16.** ГъукIэр зэрылъащэ Iэмэпсымэ. **17.** ЩIымахуэм уафэм къех, мылъхуанэр зэрагъапщэ псыIагъэ. **19.** … нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ. Адыгэ псалъэжь. **22.** Ар уи куэдмэ, жэнэтым упыкIащ. **23.** Къру лъэпкъым щыщу губгъуэ лъатэ джэдкъаз пIащэ. **24.** ЗэIуплъхьэ, зэIупх хъу жып сэ жан. **26.** Гу кIуэм … къыкIэреуд. Адыгэ псалъэжь. **30.** Етху-анэ нэмэз щIыгъуэ. **31.** ЖэщкIэрэ щакIуэ къуалэбзу. **34.** 1911 гъэм ЦIагъуэ Нурий Истамбыл къыщыдигъэкIа япэ адыгэ газет. **35.** Фыз къишагъащIэу хьэгъуэлIыгъуэ зращIэкI щIалэ. **37.** Щхьэ Iухъуу щIауэ зэрыфыкI, зэрышхыкI щыкъ у. **39.** Нарт гъавэ. **40.** КъуршымкIэ къриху жьы къабзэ щIыIэтыIэ. **41.** Шыпсэхэм узыщрихьэлIэ шы Iущ дахэ. ИкъукIэ дахагъ, фIагъ зиIэ цIыхуми щыхужаIэ щыIэщ.

Къе хыу: **1.** Щыпсэун мурадкIэ нэгъуэщI щIыпIэ, хэку Iэпхъуа цIыху. **2.** Лъагэу, хъурейуэ зэтелъхьа мэкъу. **3.** Джэдылым щыщу нэхъыжь Iыхьэр. **4.** Iэуэлъауэ макъ. **5.** Адыгэ бостейм и бгъэм дыщэ IуданэкIэ тращIыхь хэдыкI. **9.** Налшык и гербым нэхъыщхьэу хэт дамыгъэ. **10.** Жэмым къыщIэхъуэ щIэжьей. **11.** Адыгэхэм я гуапэу унэм кърагъэблагъэ цIыху. **13.** Пщыгъэ-уэркъыгъэкIэ зи адэмрэ анэмрэ зэхуэмыдэ цIыху. Пщы … **18.** Тепщэч куу, тепщэнышхуэ. **19.** ЩIымахуэ щIыIутелъ щыгъын хуабэ, хъурыфэм е дыжьым къыхэщIыкIауэ. **20.** КIэбдз гъэшыпIэм хэлъ къупщхьэ цIыкIу. Нэхъапэхэм щIалэ цIыкIухэр абы ириджэгуу щытащ. **21.** Муслъымэн диным тету зэрыпсэуным хуезыгъаджэ, хуэзущий псалъэ. **25.** Iэщхэм, псэущхьэхэм я тхьэ. **27.** «Джэду здэщымыIэм … щоятэ». Адыгэ псалъэжь. **28.** Генералым нэхърэ нэхъыщхьэ дзэзешэ, унафэщI. **29.** Уи бзэкIэ мыпсалъэ, уи бзэ зымыщIэ. **31.** ЗанщIэу дэкIуей Iугъуэ икIыпIэ. Iухъу иIэу щыпщафIэу унэм щIэту щыта хьэку. Абы унагъуэри кърагъэкIырт. **32.** Щыгъэ лъапIэ сыт хуэдэхэр къызыхащIыкI пкъыгъуэ. **33.** Волгэ Iуфэ щыIэ республикэхэм ящыщ зым и щыхьэр. **36.** Адыгэхэр грекхэм зэреджэ. **38.** Зыгуэр зэрыкIуам къытенэ лъэкъуапIэ. ЦIыхум гъащIэм къыщинэ лэжьыгъэми абыкIэ йоджэ.

Зэхэзылъхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.



Жэпуэгъуэм и 9-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Нэмыс. **6.** Бжаблэ. **7.** Гъунапкъэ. **9.** Пщагъэ. **11.** Шыд. **12.** Псыдзэ. **18.** Курыбэ. **19.** Гур. **20.** Уэ. **21.** ПкIауэ. **23.** АкIэ. **25.** Уэм. **17.** Бгъэ. **18.** Анэмэт. **31.** Сэдэкъэ. **33.** Данил. **34.** Щтырыгъу. **37.** Къэдабэ. **39.** КIэн. **40.** Гъэр. **41.** Без. **45.** Адакъэ. **46.** Егъу. **48.** Шху. **49.** Набдзэ. **51.** Блашэ. **53.** Хъушэ. **54.** Махъшэ. **57.** Къаплъэн. **58.** Шапсыгъ. **60.** Чымпэ.

Къехыу: **1.** Нало. **2.** Мы. **3.** Санэ. **4.** Набгъэ. **5.** Апэсы. **8.** ДыщэкI. **10.** Щабэ. **13.** ДзакIэ. **14.** Къурмэн. **15.** Ер. **16.** Бу. **17.** Дудакъ. **22.** Пут. **24.** Уэс. **26.** Медан. **27.** Бэлагъ. **29.** Мер. **30.** Анэ. **31.** Дыд. **35.** Тхыдэ. **36.** ГъукIэ. **37.** Кърy. **38.** Бжьыдзэ. **41.** Акъыл. **43.** Емышэ. **44.** Лъахъш. **47.** Гъуо. **48.** Шу. **50.** Пшапэ. **51.** «Лъапсэ». **55.** Тэрч. **56.** Бажэ. **59.** Къум.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Истэпан Залинэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Лъостэн Музэ, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Щомахуэ Мариннэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №2901